O`ZBEKİSTAN RESPULİKASI XALIQ
BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYaZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK
PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» kafedrası

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları»
qa`niygeliginin` 4-«a» kurs talabası

**Turg`anbaeva Altınay Quralbaevnanın`**

# «Resurslardın` sheklengenligi jag`dayında o`ndiris ha`m og`an ta`sir etiwshi faktorlar temasın oqıtıw metodikası» temasında

# PİTKERİW QA`NİYGELİK JUMISI

**İlimiy basshı:** **e.i.k. Torebaev O.**

**Kafedra baslıg`ı:** **p.i.k. Gaipova R.**

**No`kis – 2014**

## Mazmunı

Kirisiw . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 4 - 5
Bap -1. Ekonomikalıq qatnasıqlar ha`m bazar ekonomikasına xarakteristika. 6 - 31
1.1. İnsan mu`ta`jliginin` sheksizligi ha`m resurslardın` sheklengenligi
Bazar, onın` du`zilisi, a`mel qılıw mexanizmi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6 - 10
1.2. O`ndiris protsessinin` ekonomikalıq mazmunı ha`m onın` faktorları . . . 11 - 12
1.3. Materialıq ha`m materiallıq emes o`ndiris ha`m olardın`
o`z-ara baylanısı, ekonomikalıq wazıypası . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
1.4. Resurslar, tovarlar ha`m xızmetler da`ramatlarının` da`wirlik aynalıwı . 14 - 16
1.5. Jabıq ha`m ashıq ekonomika tu`sinigi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16 - 17
1.6. Talap ha`m usınıs teoriyası. Bazar ten`salmaqlılıg`ı . . . . . . . . . . . . . . . . 17 - 31
1.6.1. Talap tu`sinigi ha`m onın` mug`darına ta`sir qılıwshı faktorlar.
Talap nızamı . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 17 - 25
1.6.2. Usınıs tu`sinigi. Usınıs mug`darına ta`sir qılıwshı faktorlar. .
Usınıs nızamı . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26 - 28
1.6.3. Talap mug`darı ha`m usınıs ortasındag`ı qatnasının` o`zgeriwi.
Bazar ten`salmaqlılıg`ı . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29 - 33
Bap -2. Tutınıwdın` Keynslik funktsiyası. Toplaw funktsiyası.
İnvestitsiyalıq funktsiyası. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34 - 41
2.1. Klassik ekonomistlerinin` ekonomikalıq ten`salmaqlılıq teoriyası
belgileri. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .34 - 35
2.2. Keynstin` makroekonomikalıq ten`salmaqlılıq teoriyası tiykarları . . . . 35 - 36
2.3. Haqıqıy ha`m jobalastırılg`an qa`rejetler . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37 - 38
2.4. «Keyns qa`lewi». İslep shıg`arıw ko`leminin` ten`salmaqlılıq
da`rejesine erisiw mexanizmi . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38 - 39
2.5. Avtonom qa`rejetler mul`tiplikatorı . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40 - 41

Bap-3. Makroekonomika mashqalaları. Ekonomikalıq o`siw
temaların oqıtıw metodikası. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42 - 54
3.1. Ekonomikalıq da`wirler ha`m ekonomikalıq terbeliwlerdin` sebepleri . 42 - 43
3.2. İnflyatsiyanın` ma`nisi, tu`rleri ha`m esaplanıw usılları . . . . . . . . . . . . 44 - 47
3.3. İnflyatsiya ha`m jumıssızlıq ortasındag`ı baylanıslıq.
Fillips iymek sızıg`ı . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
3.4. Makroekonomikalıq turaqlılıq ha`m og`an erisiw jolları . . . . . . . . . . . . 49 - 50
3.5. O`ndiris ha`m onın` faktorları temasın oqıtıw metodikası . . . . . . . . . . . 51 - 54
Qısqasha juwmaqlar . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55 - 56
Paydalanıwg`a usınıs etiletug`ın a`debiyatlar . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57

## Kirisiw

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` aktuallıg`ı ha`m predmeti.**

Ekonomikanın` rawajlandırıw jo`nelislerin tan`law xa`r qanday ja`miyette jasawshı ha`r qanday insannın` en` tiykarg`ı maqseti o`zinin` turmısı, jasaw sharayatların jaqsılawdan ibarat. Sol sebepten de onın` miynet xızmeti birinshi na`wbette o`zinin` jeke talabın qandırıwg`a qaratılg`an boladı ha`m bul ulıwma tu`rı jag`day bolıp esaplanadı. Qaysı ja`miyet a`ne usı talaptı esapqa alg`an halda islep shıg`arıwdı a`melge asırsa, o`z ekonomikalıq siyasatın usı talap penen baylanıstırıp barsa sol ja`miyet ha`r ta`repleme rawajlanıp baradı, ondag`ı adamlardın` turmıs sharayatı jaqsı boladı.

Ekonomika turısında pikir ju`riter ekenbiz, materiallıq baylıqlar islep shıg`arıw ushın za`ru`r bolg`an resurslardın` sheklengenligin ayırıqsha aytıp o`tiw kerek boladı. Bizge belgili, ha`r qanday o`nim islep shıg`arıw ushın eki tu`rdegi resurs bolıwı lazım. Bul - **materiallıq resurslar** ha`m **miynet resursları** bolıp esaplanadı. A`ne usı resurslardın` materiallıq bo`limi yag`nıy jer, jer astı baylıqları, shiyki - zat materialları ha`m basqalar ja`miyette sheklengen boladı. Sol sebepten de sheklengen resurslardan o`nimli paydalang`an ja`miyet g`ana talap da`rejesinde rawajlanıwı mu`mkin. Materiallıq baylıqlar islep shıg`arıw ushın tikkeley qatnasatug`ın miynet resursları da, sol sebepten, onın` fiziologiyalıq qa`biliyeti, waqtı, o`miri sheklengen. Onnan qalegen mug`darda paydalanıwg`a imkan joq. Sol sebeten de bir ja`miyet o`zinin` miynet resurslarının` mu`mkinshilik shen`berin ken`eytiriw is - ilajların belgilewi kerek boladı ha`m sol tiykarında olardan maksimum paydalanıwg`a erisiw mu`mkin boladı.

Du`n`yadag`ı barlıq ma`mleketler ekonomikanın` rawajlanıw tariyxı bar sheklengen mu`mkinshiliklerinen u`nemli paydalanıwdın` a`hmiyetli jolı ekonomikanın` bazar qatnasıqlarına o`tkiziw bolıp esaplanıwın ko`rsetedi. Tek bazar ekonomikasında adamlardın` miyneti muwapıq ta`rizde xoshametlendiriledi.

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` maqseti** - Oqıwshılarg`a o`ndiris ha`m og`an ta`sir etiwshi faktorlar haqqında ken` tu`sinikler beriw. Materiallıq ha`m material-

lıq emes o`ndiris olardın` ulıwmalıg`ı ha`m ayırmashılıqları haqqında ken`nen tu`sinik beriw. Bizge belgili, ha`r qanday o`nim islep shıg`arıw ushın eki tu`rdegi resurs bolıwı lazım. Bul - **materiallıq resurslar** ha`m **miynet resursları** bolıp esaplanadı. A`ne usı resurslardın` materiallıq bo`limi yag`nıy jer, jer astı baylıqları, shiyki - zat materialları ha`m basqalar ja`miyette sheklengen boladı. Sol sebepten de sheklengen resurslardan o`nimli paydalang`an ja`miyet g`ana talap da`rejesinde rawajlanıwı mu`mkin. Materiallıq baylıqlar islep shıg`arıw ushın tikkeley qatnasatug`ın miynet resursları da, sol sebepten, onın` fiziologiyalıq qa`biliyeti, waqtı, o`miri sheklengen. Sonın` menen birge resurslardın` sheklengenligin esapqa alg`an halda o`ndiris protsessin ju`rgiziw kerekligin, bazar talabın ha`m usınıstın` bir birine sa`ykes keliwin inabatqa alıw kerek ekenligi esapqa alınadı

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` wazıypası** – jaslarg`a o`ndiristin` ekonomika-lıq mazmunın, ondag`ı udayı o`ndiris protsessinin` qaytalanıp turıw sebeplerin talabalarg`a tu`sindiriwden ibarat. Mısalı ushın, ha`zirgi jaslar kishi biznes yamasa isbilermenlik penen shug`ıllanıwdı qaleydi, biraq onı neden baslaw kerekligin, qarjılardı qay jaqtan alıw, o`ndiris protsessin sheklengen resurslardı sapqa alg`an halda optimal` jobalastırıw ha`m en` aqırında maksimum payda alıw jolların bile bilmeydi. Sonın` ushında usı joqarıdag`ı mashqalalardı sheshiw jolların qalay sheshiw jolları u`yretiwden ibarat boladı.

**Pitkeriw qa`niygelik jumıstın` ob`ekti** – mekteplerde o`ndiris ha`m o`ndiris faktorları temasın qalay etip oqıwshılarg`a tu`sinikli etip sabaq otiw protsessinin` bir u`lgi jobasın du`zip beriwden ibarat

Pitkeriw qa`niygelik jumıs ja`mi 57 betten ibarat bolıp, kirisiwden, 3 baptan, juwma`klaw ha`m paydalanıwg`a usınıs etiletug`ın a`debiyatlar diziminen turadı.

## Bap -1. Ekonomikalıq qatnasıqlar ha`m bazar ekonomikasına xarakteristika.

### 1.1. İnsan mu`ta`jliginin` sheksizligi ha`m resurslardın` sheklengenligi

### Bazar, onın` du`zilisi, a`mel qılıw mexanizmi

**Bazar** - satıwshı menen qarıydar ortasıgda tovardı pulg`a almastırıw qatnasıg`ı bolıp esaplanadı.

**Bazar ekonomikası** - tovar - pul qatnasıqlarına tiykarlang`an ha`m olarg`a sa`ykes ekonomikalıq nızamlar negizinde basqarılatug`ın ekonomika.

Bazar tuwrısında pikir ju`riter ekenbiz erkin bazar ha`m ba`sekili bazar ayırmashılıg`ın biliw kerek. Erkin bazar bir tu`rdegi o`nimge belgili bir waqıtta bir tu`rdegi baha belgileniwi menen xarakterlenedi. Bunday bazar bolıwı ushın to`mendegi sha`rtler bolıwı lazım:

a) ulken ko`lemdegi ha`m barqulla talap;

b) xojalıq xızmeti menen shug`ıllanıwshılardın` sheklenbegen mug`darda bolıwlıg`ı;

v) islep shıg`arıw usıllarının` ko`pligi;

g) satıwshılar ha`m qarıydarlar ortasındag`ı erkin ba`seki bolıwlıg`ı;

d) ba`sekishilerdin` barlıg`ı ushın kerekli mag`lıwmatlardın` bolıwlıg`ı;

Bazarlardı du`zilisi ta`repinen to`mendegi jo`nelisler boyınsha bo`listiriw mu`mkin:

**1. Ekonomikalıq jo`neliske karay:**

a) Tutınıw tovarlar bazarına.

b) Sanaat malları bazarına.

v) Shiyki-zat bazarına.

g) Miynet bazarına.

d) Qımbat bahalı qag`azlar bazarına.

e) Aldı-sattı bazarına ha`m tag`ı basqa.

**2. Geografiyalıq jaylasıwına qaray:**

a) Jergilikli bazarg`a.

b) Milliy bazarg`a.

v) Du`n`ya bazarına.

**3. Ba`sekinin` sheklengen da`rejesine qaray:**

a) Monopolistik bazarg`a.

b) Oligopoliyalıq bazarg`a.

v) Monopsonik bazarg`a.

g) Erkin bazarg`a.

d) Aralas bazarg`a.

**4.Tarawlar boyınsha:**

a) Avtomobil` bazarına.

b) Komp`yuter bazarına.

v) Neft` o`nimleri bazarına ha`m tag`ı basqa.

**5. O`nimdi satıw belgisine karay:**

a) Ko`tere sawda bazarına.

b) Usaqlap satıw bazarına.

Joqarıda ko`rsetilgen usı bazar tu`rlerinin` barlıg`ı o`z - ara baylanıslı bolıp, tovar - pul qatnasıqları nızamlıqları tiykarında a`mel qıladı. Ekonomistler R.Lipsi, P.Steynerdin` obrazlı aytıwıları boyınsha « **bazar – bul barlıq ekonomika menen shug`ıllanıwshının` o`z-ara baylanısın ko`rsetiwshi saxna esaplanadı**».

Bazarda xızmet ju`rgiziwshi barlıq shaxslardın` ha`reketi pu`tin ekonomikanın` erkinlesiwine emes, ba`lki o`z ma`plerine qaratılg`an. Usı barlıq jeke ta`rtipte qarar qabıl qılıwshılardın` xızmetin ta`rtipke salıw bazar ekonomikasının` ju`regi bolg`an – bazar mexanizmi tiykarında a`melge asırıladı.

Bazar ekonomikasınnın` apzallıqları to`mendegilerden ibarat:

1. İslep shıg`arıw resursları  durıs bo`listiriledi. Bazarda resurslar birinshi na`a`wbette ja`miyet ushın za`ru`r bolg`an tarawlarg`a bo`listiriledi.

2. Qısqa mag`lıwma tiykarında islep shıg`arıw na`tiyjeli sho`lkemlestiriledi. İslep shıg`arıwshılar tekg`ana baha menen qarejetti bilgen halda na`tiyjeli xızmet alıp barıwları mu`mkin. **Ma`selen:** su`t jetistiriwshi fermer ushın balalar qansha su`t tutınıwı, basqa fermerlerdin` qansha sıyırı barlıg`ı, olardın` qansha qa`rejeti barlıg`ın biliwinin` qa`jeti joq.

3. Talapqa karay islep shıg`arıwdı tezde o`zgertiriw mu`mkinligi. Ha`r jılı qarap 700 tu`rli jan`a radioapparatura bazarg`a shıg`adı.

4. İlim - texnika protsessin islep shıg`arıwg`a tez qollanıwı ushın ha`reket qılınadı:

- Tutınıwshı ha`m isbilermen islep shıg`arıwda erkin ha`reket qıladı;
- Barlıq islep shıg`arıwshılar o`nim sıpatın asırıwg`a ha`reket qıladı.

Bazar ekonomikasının` bir qatar kemshilikleri de bar. Bulardın` tiykarg`ıları to`mendigilerden ibarat:

1. Qorshag`an - ortalıqtı qorg`awdın` ekonomikalıq mexanizmi joq. Tekg`ana nızamlar tiykarında ka`rxanalardı ma`jbu`r qılıw mu`mkin.

2. İlim - texnika jan`alıqların (jetiskenliklerin) islep shıg`arıwda qollanıwda ko`bineshe, onın` aqıbetleri esapqa alınbaydı. **Ma`selen:** 1948 jılı Shvetsiyalıq ximik alım P. Myuller DDT nı oylap tapqanı ushın Nobel` sıylıg`ına mu`na`sip bolg`an edi. Biraq 1960 jılda onı insannın` na`silligine zıyanı barlıg`ı anıqlandı. Sog`an qaramastan bul za`ha`r AQSh ta 1972 jılg`a shekem islep shıg`arılg`an. Bizin` elimizde de ko`p jıllardan berli sonday ximiyalıq da`riler islep shıg`ıp jerge salınbaqta.

3. Ja`ma`a`t paydalanıwı ushın za`ru`r binalardı, a`njumanlardı rawajlanıwına imkan bermeydi. **Ma`selen:** jollar, ja`miyetlik transportı, sport, ta`lim, sawlıqtı saqlaw ha`m basqalar.

4. Miynet qılıwg`a, da`ramat alıwg`a kepillik bermaydi. Ha`r bir adam o`zi ushın o`zi qayg`ırıwı kerek. P. Samuel`son pikirine ko`re bazar siteması ten`sizlikti qayta islep shıg`aradı.

5. Pa`nde tiykarlı, shuqırıraq analiz qılıwg`a imkan bermeydi.

6. Bazar sotsiallıq - za`ru`riy o`nim islep shıg`arıwg`a emes, ba`lki pulı barlardın` talapların qandırıwg`a ha`reket qıladı. Ekonomistler A. Blomkvist, P. Vonnakotlardın` pikirinshe "**bazar xojalıq xızmetinde qatnasıwshılarg`a ken` erkinlik beriwi menen bir qatarda ekonomikalıq ta`repten qorg`awsız adamlardın` ashlıqtan erkin o`liwine imkaniyat beredi**".

7. Ekonomikanın` bir tegis emes rawajlanıwına alıp keledi. Bul wazıypalardı sheshiw ushın ma`mleket o`z moynına alıwı kerek.

Ja`miyettin` du`zilisi qanday bolıwına qaramastan onın` ag`zaları o`z mu`ta`j-liklerin qanaatlandırıwı sha`rt. Sebebi tirishilik etiw mu`ta`jliklerdin` qanaatlan-dırılıwın bildiredi. **Olay bolsa mu`ta`jlik degenimiz ne?**

**Mu`ta`jlik** – bul adamlardın` tirishilik etiwi ushın qanday tovarlarg`a ha`m xızmetlerge bolg`an za`ru`rliginin` jıyındısı.

Turmısta mu`ta`jlikler og`ada ko`p, olar ekonomikalıq, sotsial, ma`deniy, siyasiy, fiziologiyalıq ha`m tag`ı basqalardan ibarat. Bulardın` ishinde sotsial – ekonomi-kalıq mu`ta`jlikler u`lken a`hmiyetke iye. Sebebi olardı qanaatlandırıw adam ushın birinshi za`ru`rlik ha`m ol o`ndiristin` rawajlanıwın ta`miynleydi. Adamlar ma`deniyat, sanaat, siyasat ha`m basqada ja`miyetlik xızmetler menen shug`ıllanıwdan aldın olardın` birinshi da`rejeli mu`ta`jlikleri awqatlanıw, kiyiniw, baspanag`a (turaq jayg`a) iye bolıw, miynet etiw mu`ta`jlikleri ju`zege keliwi za`ru`r.

**Sotsial – ekonomikalıq mu`ta`jlik** – adamlardın` jasawı, miynet etiwi ha`m belgili ekonomikalıq jag`daylarg`a iye bolıwı ushın tutınıwı za`ru`r bolg`an o`nimler ha`m xızmetlerdin` jıyındısı bolıp esaplanadı. Bul tek g`ana tirishilik mu`ta`jligi emes, al insannın` insan sıpatında rawajlanıwı ushın za`ru`r. Bul mu`ta`jlik o`ndirislik xızmetlerdi talap etedi.

Mu`ta`jlik en` da`slep jeke ta`rtipte boladı. Sebebi ha`r adamnın` qa`siyetine qaray mu`ta`jlik o`zgeshelenedi. Mu`ta`jlik adamnın` jasına, jınısına, miynetine (ka`sibine), diydine ha`m a`detine de baylanıslı boladı.

Mu`ta`jlik toparlıq ta`rtipte de bolıwı mu`mkin. Ayırım mu`ta`jlikler jeke bolsada bir neshe adamnın` mu`ta`jligin qanaatlandıradı. Bunday jag`dayda toparlıq mu`ta`jlik payda boladı. Bul ma`lim toparg`a birlesken adamlardın` ulıwmalıq mu`ta`jligi. Bug`an mısalı, sem`ya ag`zalarının` mu`ta`jligi. Bul jerde ha`r bir sem`ya ag`zasının` jeke mu`ta`jligi sem`yanın` ulıwma mu`ta`jligi menen birlesedi.

Barlıq tu`rdegi jeke ha`m toparlıq mu`ta`jliklerdin` jıyındısı ulıwma ja`miyetlik mu`ta`jlikti keltirip shıg`aradı. Bul ja`miyettin` jasawı ushın za`ru`r. **Mısalı,** ta`biyiy resurslardı qorg`aw, ja`miyetti basqarıp turıw menen baylanıslı

mu`ta`jlikler. Ja`miyettegi mu`ta`jlikler qaysı tu`rde bolıwına qaramastan to`mendegiler menen:

1. Ja`miyettin` ekonomikalıq rawajlanıwı da`rejesi;

2. Ja`miyettin` sotsial – ekonomikalıq du`zilisi;

3. Ja`miyette turmıs keshiriwdin` ta`biyiy – geografiyalıq jag`dayı;

4. Ja`miyettegi tariyxıy – milliy da`stu`rler, u`rip – a`detler menen baylanısıp ketdi.

Egerde ma`mleket ekonomikalıq jaqtan to`men rawajlang`an bolsa, mu`ta`j-liklerdin` shen`beri de tar boladı, al ekonomika joqarı bolsa mu`ta`jlikler ha`r qıylı boladı.

Mu`ta`jliklerdin` en` a`hmiyetli qa`siyeti onın` sub`ektivligi, yag`nıy ha`r bir adamg`a o`zgesheligi esaplanadı. Mu`ta`jliklerdin` ha`r tu`rliligine baylanıslı belgili bir adamnın` mu`ta`jligi basqa adamlardın` mu`ta`jligine usamaydı, biraqta mu`ta`jlikte bir qatar belgileri bar. Sol belgilerge qaray olardı toparlarg`a bo`liw mu`mkin. Bunday bo`liwge mu`ta`jliktin` xarakteri, onın` nege qaratılg`anlıg`ı tiykar etip alınadı. Usı belgileri boyınsha mu`ta`jlikler u`sh toparg`a bo`linedi.

1. Materiallıq mu`ta`jlik.

2. Sotsial – ma`deniy mu`ta`jlik.

3. Miynet mu`ta`jligi.

**Materiallıq mu`ta`jlikler -** tirishilik etiwdin` birinshi sha`rti. Bunday mu`ta`j-liklerge: awqatlanıw, kiyiniw, baspanag`a yie bolıw sıyaqlı mu`ta`jlikler kiredi.

**Sotsial – ma`deniy mu`ta`jlikler** - xızmetler ko`rinisine iye bolıp, olar bilim alıw, den - sawlıqtı bekkemlew, ma`deniy da`rejeni joqarılatıw, ka`sipke iye bolıw sıyaqlı za`ru`rliklerden turadı.

**Miynet mu`ta`jligi -** adamnın` miynet etiw qa`biletinen kelip shıg`adı.

Mu`ta`jliklerdin` bul u`sh toparı o`z - ara birlikte sotsial – ekonomikalıq mu`ta`jliklerdi an`latadı.

## 1.2. O`ndiris protsessinin` ekonomikalıq mazmunı ha`m onın` faktorları

Ja`miyet rawajlang`an sayın mu`ta`jlikler u`zliksiz tu`rde o`zgerip, rawajlanıp baradı. Sebebi mu`ta`jlikler sheksiz, olar toqtawsız jan`alanıp baradı. Bul protsess ulıwma ekonomikalıq nızamlılıq, ol ja`miyettin` ishki du`zilisinin` qanday bolıwına qaramastan rawajlanıwdın` barlıq basqıshlarında ha`reket etedi. Bul nızamg`a muwapıq ja`miyet ag`zalarının` mu`ta`jligi u`zliksiz o`sip baradı, yag`nıy mu`ta`jlikler mug`darı boyınsha o`sip, du`zilisi boyınsha jan`alanıp turadı, eski mu`ta`jlikler orınına jan`ası keledi.

Mu`ta`jlikler tutınıwdın` ja`rdeminde ju`zege keledi. Sebebi tutınıw waqtında tovar ha`m xızmetlerdin` paydalılıg`ı sınawdan o`tedi. Bunnan son` jan`a mu`ta`j-likler payda boladı. Olardı qanaatlandırıw ushın o`ndiris a`melge asırıladı. O`ndiris penen mu`ta`jlik bir - biri menen tıg`ız baylanısta rawajlanıp baradı.

O`ndiriste jan`a o`nimler ha`m xızmetler do`retiliwi menen olarg`a mu`ta`jlik payda boladı. Eger elektron esaplaw mashinaları (**EEM**) islep shıg`arılmag`anda olarg`a mu`ta`jlik bolmas edi. Olardın` payda bolıwı, jan`a mu`ta`jlikti, **EEM**-lerdin` jan`a tu`rlerine mu`ta`jlikti payda etti. Bul o`z gezeginde **EEM**-ler islep shıg`arıwdı ken`eyttiredi.

Ulıwma ja`miyetlik ko`lemde mu`ta`jliklerdin` o`sip barıwı texnikalıq rawajlanıwg`a baylanıslı. Sol sebepli qol miynetine tiykarlang`an o`ndiriste mu`ta`jlik a`ste rawajlanadı.

Rawajlang`an ja`miyette mu`ta`jliktin` milliy qa`siyetleri (belgileri) qısqarg`an halda onın` milletler aralıq belgileri rawajlanıp baradı. Bul tu`rli xalıqlardın` bir-birine ta`siri na`tijesinde a`melge asırıladı. **Mısalı**, kostyum Evropada payda bolg`an, biraqta og`an mu`ta`jlik ulıwma insanıylıq tu`s alg`an, ol jer ju`zindegi barlıq millet ha`m xalıqlardın` kiyimine aylang`an.

Mu`ta`jliklerdin` o`sip barıwı to`mendegi to`rt jolda a`melge asırıladı.

1. Mu`ta`jlik ken`eyip, mug`darı boyınsha o`sip baradı.

2. Jan`a mu`ta`jlikler payda bolıp, mu`ta`jliktin` ishki du`zilisi o`zgeredi. **Mısalı**, videoapparaturalardın` payda bolıwı, u`yde qa`legen tamashanı kayta -

kayta ko`riw mu`ta`jligin payda etti. Bul bolsa o`z na`wbetinde teatrg`a, kinog`a barıwg`a bolg`an mu`ta`jlikti qısqarttı.

3. Belgili mu`ta`jlikler toparının` shen`beri do`gereginde tu`rli mu`ta`jlikler salıstırmalı o`zgeredi. Bunda mu`ta`jlik ulıwma ta`rizde saqlanadı, biraqta onın` anıq ko`rinisleri ha`m formaları o`zgeredi. **Mısalı**, transport mu`ta`jligi saqlang`an halda, onın` anıq tu`rlerine mu`ta`jlik o`zgeredi (Da`slep arbalar, bortavoy avto-mashinalar, damaslar, tiko, matiz, samolyotlar ha`m tag`ı basqa transporttın` tu`rleri).

4. Bir mu`ta`jliktin` birinshisinin` ekinshisi menen almastırılıwı. Bunday almasıw, orınbasar mu`ta`jliklerdin` payda bolıwı menen ju`zege keledi. Bunday mu`ta`jlikler joqarı rawajlang`an ekonomikag`a ta`n. **Mısalı ushın**, komp`yuter-lerdin` payda bolıwı menen talabalardın` bilimlerin «TEST» usılında o`tkeriw mu`mkinshiligine iye boldıq.

### 1.3. Materialıq ha`m materiallıq emes o`ndiris ha`m olardın` o`z-ara baylanısı, ekonomikalıq wazıypası

Ja`miyettegi o`sip baratırg`an mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıwdın` tiykarg`ı ha`m birden - bir quralı o`ndiris esaplanadı. Biraqta o`nim ha`m xızmetlerdi do`retiwdin` o`zi mu`ta`jliklerdin` qanaatlandırılg`anlıg`ın bildirmeydi, olar tutınıwg`a jetip barg`anda g`ana mu`ta`jlikler qanaatlan-dırılıwı mu`mkin.

Mu`ta`jliklerdin` o`sip barıwı menen olardı qanaatlandırıwshı qurallar da rawajlanadı. Biraq mu`ta`jlik sheksiz bolg`anı menen onı ta`miyinlew ushın kerekli o`ndiris resursları (ta`biyiy ha`m miynet resursları, texnika ha`m texnologiya) sheklengen. Sonlıqtan sheklengen resurslardan aqılg`a muwapıq paydalanıw sha`rt.

O`sip baratırg`an mu`ta`jliktin` onı qanaatlandırıwshı qural menen baylanısı eki jaqlama boladı:

1. Mu`ta`jliktin` mug`darının` artıp barıwı resurs birliginen ko`birek tutınıw buyımların alıwdı talap etedi. **Ma`selen,** 1 t. metaldan ko`birek bir tu`rde u`y - ruwzgershilik bwyımları islep shıg`arıladı.

2. Mu`ta`jlik du`zilisinin` jan`alanıwı resurs birliginen ko`p tu`rdegi o`nim alıwdı talap etedi. **Ma`selen,** 1 tonna paxtadan 20 emes, 30 tu`rdegi kiyim - kenshek islep shıg`arıladı.

Resurslardın` sheklengenligin esapqa alıp, barlıq mu`ta`jliklerdi bir waqıttın` o`zinde qanaatlandırıp bolmaydı. Sonlıqtan o`ndiris imkaniyatına qaray otırıp, mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıwdın` optimal (mu`mkin bolg`an ha`m en` qolay) da`rejesin tan`lap alıw kerek.

Mu`ta`jliklerdin` qanaatlandırılıwı tek g`ana na`tiyjeli o`ndiris penen sheklenbeydi. Bunın` ushın ekonomikanın` basqa ta`repleride bo`listiriw ha`m almasıw da jaqsı jolg`a qoyılıwı kerek.

Ekonomikanın` rawajlanıwı menen mu`ta`jliklerdi qanaatlandırıw usılları da o`zgerip baradı. Tariyxta bu`gingi ku`nge shekem jeke mu`ta`jlik eki usılda qanaatlandırılıp kelindi:

1) mu`ta`jlikti natural tutınıw arqalı qanaatlandırıw;

2) mu`ta`jlikti tovar tutınıw arqalı qanaatlandırıw.

**Birinshi mu`ta`jlikti natural tutınıw arqalı qanaatlandırıw usılda** do`retilgen o`nimler islep shıg`arılg`an jerdin` o`zinde, onın` iyeleri ta`repinen tutınıladı. Bul usıl natural xojalıqqa ta`n.

**Ekinshi mu`ta`jlikti tovar tutınıw arqalı qanaatlandırıw usılda** tovarlardı satıp alıw arqalı mu`ta`jlik qanaatlandırıladı. Bul bazar ekonomikasına ta`n usıl.

Mu`ta`jlikler jeke ta`rtipte ha`m birgelikte qanaatlandırılıwı mu`mkin. Bul mu`ta`jliktin` xarakterine ha`m onı qanaatlandırıwshı buyımlardı qa`siyetine baylanıslı.

## 1.4. Resurslar, tovarlar ha`m xızmetler da`ramatlarının` da`wirlik aynalıwı

Ha`r kanday ekonomikalıq sistemada tovarlar ha`m xızmetlerdi ta`kirar islep shıg`arıw ulıwma protsessin resurslar, tovar ha`m xızmetler ha`mde da`ramatlardın` da`wirlik aynalıwı ko`rinisinde ko`z aldımızg`a keltiriw mu`mkin. Tiykarınan bul jeke mu`lkke tayang`an ekonomikalıq sistemalarda bunday da`wirlik aynalıw ka`rxanalar ha`m u`y xojalıg`ı ortasında a`melge asırıladı (2$_{(a)}$-sızılma).

2$_{(a)}$- sızılmadan ko`rnip turıptı, u`y xojalıqları islep shıg`arıw ushın za`ru`r bolg`an barlıq ekonomikalıq resurslardı resurslar bazarına jetkizip beredi, ka`rxanalar bolsa bul resurslardı satıp alıp tu`rli ko`rinistegi o`nimlerge, xızmetlerge aylandıradı, keyin ala bolsa olardı tayar o`nimler ha`m xızmetler bazarına jetkizip beredi. Ayne paytta resurslar, tovarlar ha`m xızmetler ha`reketi menen birge da`ramatlardın` ha`m da`wirlik aynalıwı a`melge asırıladı. Yag`nıy, u`y xojalıqları o`zleri jetkizip bergen ekonomikalıq resurslar esesine da`ramat aladı ha`mde olardı tovarlar ha`m xızmetler tutınıw qılıw ushın sarıplaydı, yaki kerisinshe ka`rxanalar resurslar ushın sarıp – qa`rejetler qıladı ha`mde tayar o`nimlerdi satıw esesine da`ramat aladı. Bul jerde barlıq islep shıg`arıw ha`m almastırıw protsessleri tek bazar arqalı baskarıladı, basqasha aytqanda, resurslar, tovarlar ha`m xızmetler bazarındag`ı qa`liplesken talap ha`mde usınıs ja`rdeminde basqarıladı.

Ekonomikada tek baha yaki ma`mleket jobası, sotsiallıq islep shıg`arıw protsesslerinin` bir tegis keshiwin ta`miyinlewge tayar emes. Bazar sistemasında barqulla ta`kirarlanıp turatug`ın ekonomikalıq kirizler ha`m joba-lı sistemanın` tarqalıwı bunı anıq ko`rsetedi.

Resurslar ha`mde tovarlar ha`m xızmetler ag`ımın ja`mi usınıs, da`ramatlar ag`ımın ja`mi talap dep esaplasaq bul eki makroekonomikalıq kategoriyalar ortasında ju`z berip turatug`ın sa`ykesemeslikler islep shıg`arwdın` pa`seyiwi, inflyatsiya ha`m jumıssızlıq da`rejelerinin` ko`terilip ketiwine sebep boladı. Yag`nıy bazar mexanizmlarinin` o`zi g`ana barqulla ha`m ekonomikalıq turaqlılıqtı

ta`miyinley almaydı. Sonın` menen birge ta`rtipke salıwdın` bazar ha`m joba mexanizmlerinen birgelikte paydalanıwg`a tiykarlang`an aralas ekonomikalıq ekonomikalıq sistemanın` o`mirlik ekenligin du`n`ya a`meliyatı tastıyıqladı.




2(a)- sızılma. Sap bazar ekonomikası sharayatı resurslar, o`nimler, da`ramatlar ha`m qa`rejetlerdin` da`wirlik aylanıwı.




2(b)-sızılma. Resurslar, o`nimler, da`ramatlar ha`m qarejetlerdin` aralas ekonomikalıq sistemadag`ı da`wirlik aynalıwı.

Bunda:

| | |
|---|---|
| - Jer, miynet, kapital. | 1.1. Tutınıw qa`rejetleri. |
| - Resurslar. | 1.2. Satıwdan tu`sken da`ramat. |
| - Tovar ha`m xızmetler. | 1.3. Resurs qarejetleri. |
| - Tovar va xizmatlar. | 1.4. Salıqlar. |
| - Resurslar. | 1.5. Qa`rejetler. |
| - Transportlar. | 1.6. Subsidiyalar. |
| - Pul da`ramadtar (is hakı, renta, protsent, payda) | |

2(b)- sızılmadan ko`rinip turıptı, resurslar, tovarlar ha`m da`ramatlardın` u`zliksiz ha`reketi ha`m bazar arkalı, ha`m ma`mleket aralasıwı menen ta`miyinlenedi. Bunda hu`kimet islep shıg`arıwshılar ha`m tutınıwshılardın` ha`reketin tikkeley basqarmaydı, ba`lki resurslar ha`m tovarlar bazarlarında qatnasıw arqalı olardın` ekonomikalıq xızmetine qolay sharayatlar jaratadı.

### 1.5. Jabıq ha`m ashıq ekonomika tu`sinigi

Ha`r bir ma`mleket xalıqara ekonomikalıq baylanıslarg`a kiredi. Bul protsesste basqa ma`mleketler menen tovarlar, xızmetler, axborotlar, kapital ha`m jumısshı ku`shlerin o`z ara almastıradı. Ma`mleket ekonomikasının` ashıqlıq da`rejesi bunday baylanıslardın` rawajlanıw ko`lemine qarap anıqlanadı.

Ashıq ekonomika bul sonday ekonomika bolıp tabıladı, onda ma`mlekettin` barlıq puxaraları xalıqara tovar ha`m kapital bazarında aldı - sattılardı sheklenbegen halda a`melge asırıwları mu`mkin. Birak, sonday ma`mleketler ha`m bar, olar o`z qabıg`ına oralıp qalg`an. **Ma`selen**, burıng`ı SSSR ekinshi jahan urısına shekem sonday jag`dayda edi.

Xalıqara sawdada qatnaspaytug`ın ekonomika jabıq ekonomika dep ataladı. Tastıyıklaw lazım, ha`zirgi da`wirde bunday da`rejede ekonomikag`a iye ma`mleket bar emes. Biraq, makroekonomikalıq angaliz ha`m reformanı belgilewde paydalanılatug`ın modellerde sha`rtli ta`rizde bunday ko`rinislerge jol qoyıladı. Jabıq ekonomika modelinde tovarlar, xızmetlar ha`m kapital ag`ımları milliy

shegeralardan sırtqa shıqpaydı ha`mde onda tiykarg`ı makroekoomikalıq aynalıw to`mendegi ko`riniske iye boladı:

$$\mathbf{Y = C + I + G}$$

Bunda:

Y - milliy o`nim, da`ramat;

S - u`y xojalıqlarının` o`z ma`mleketindegi o`nimlerdi satıp alıwg`a sarıplang`an tutınıw qarejetleri;

I - usı ma`mleket islep shıg`arıwshılarının` o`z ma`mleketi investitsiya tovarlarına qa`rejetleri;

G – ma`mleket ta`repinen o`z ma`mleketi tovar ha`m xızmetlerin satıp alıw.

Ashıq ekonomikada ma`mleketler ortasında o`z-ara baylanıslar bar ha`m ol milliy ekonomikada tovarlar ha`m da`ramat ha`reketinde qorinedi. Tiykarg`ı ekonomikalıq ten`likke qosımsha ko`rsetkish kiritilse, ol to`mendegi ko`rinisti aladı.

$$\mathbf{Y = C + I + G + X_n}$$

Bunda: $X_n$ – sırt ma`mleketlerinin` usı ma`mleket qatnasıwında islep shıg`ar-g`an tovar ha`m xızmetlerge qılg`an qarejetleri menen sırtta islep shıg`arılg`an tovar ha`m xızmetlerge ishki qa`rejetler ortasındag`ı, anıg`ıraq aytqanda eksport ha`m import ortasındag`ı parıq. Ekonomikalıq a`debiyatlarda bul ko`rsetkish sap eksport dep ju`ritiledi.

### 1.6. Talap ha`m usınıs teoriyası. Bazar ten`salmaqlılıg`ı

Aldıng`ı pragraflarda ekonomikalıq sub`ektlerdin` o`z-ara paydaların en` na`tiyjeli ta`rizde sa`ykeslestiriwshi bazar mexanizmi tuwrısında so`z ju`ritken edik. Onda bar mexanizmnin` a`mel qılıwın ta`miyinlewshi tiykarg`ı quralı sıpatında talap ha`m usınıs ko`rsetilgen edi.

Bazar ekonomikasının` a`mel qılıwında talap ha`m usınıs nızamları a`hmiyetli orın tutadı. Talap ha`m usınıs bahanı qaliplestiredi, sonın` menen birge baha talap ha`m usınıs ortasında qatnastı anıqlap beredi. Bul temada da`slep talap ha`m usınıstın` ha`r qaysısına baha ta`sirin o`z aldına qarap shıg`amız. Keyin talap ha`m

usınıs ta`sirinde ten`salmaqlı bahanın` ornatılıwı tu`sindirilip beriledi. Bunda talap ha`m usınıs nızamları, olardın` mug`darına ta`sir etiwshi faktorlardı, olar ortasındg`ı baylanıslıqlardı tu`sindiriwge o`z aldına itibar beriledi.

Sonın`day, paragraftın` juwmag`ında talaptın` qa`liplesiwi ha`m a`mel qılıw, og`an ta`sir etiwshi faktorlardı u`yreniwde ekonomika teoriyasında a`hmiyetli jo`nelislerden birine aynalg`an **tutınıwshı is– ha`reketi teoriyası** menen tanısıp shıg`amız.

### 1.6.1. Talap tu`sinigi ha`m onın` mug`darına ta`sir qılıwshı faktorlar. Talap nızamı

Biz mu`ta`jlik tu`sinigi haqqında da`slepki paragrafta aytqan edik. Mu`ta`jlik adamlardın` turmıslıq (o`mirlik) qurallarına bolg`an za`ru`rlikti ko`rsetiwshi ilimiy kategoriya sıpatında rawajlanıwdın` barlıq basqıshları ushın ulıwmalıq ha`m udayı boladı. Onın` bazar ekonomikası sharayatındag`ı tarıyxıy ko`riniwi talap tu`sinigi bolıp esaplanadı. Talap mu`ta`jlikten parıq qılıp, erkin ekonomikalıq kategoriya (ilimiy tu`sinik) sıpatında a`mel qıladı.

Mu`ta`jliktin` tek pul menen ta`miyinlengen bo`legi g`ana talapqa aynaladı. Demek, **talap – bul pul menen ta`miyinlengen mu`ta`jlik**. Makrekonomika ha`m miqroekonomika mu`ta`jlik za`ru`r mug`dardag`ı pul menen ta`miyinlenbese, ol tek «**qa`lew**», «**tilek**» bolıp qala beredi. Talaptın` bir qatar belgili bir variantları bar boladı, sebebi baha o`zgeriwi menen tovardın` satıp alınatug`ın mug`darı ha`m o`zgeredi. Sol baylanıslıqtan kelip shıg`ıp, talapqa to`mendegishe ta`ripleme beriw mu`mkin: **ma`lim waqıt aralıg`ında, bahalardın` ha`rekettegi da`rejesinde tutınıwshılardın` tovar ha`m xızmetler ma`lim bir tu`rlerin satıp alıwg`a mu`mkin bolg`an mu`ta`jlik talap delinedi.** Basqasha qılıp aytqanda, **talap – pul menen ta`miyinlengen mu`ta`jlik bolıp tabıladı.**

Talablar tu`rlishe bolıp, a`dette bir tu`rli tovar yaki xızmetlerge bolg`an talaptın` eki tu`ri parıq qılınadı: jeke talap ha`m bazar talabı. Ha`r bir tutınıwshının`, yag`nıy ayırıqsha shaxs, sem`ya, ka`rxana, firmanın` tovardın` usı tu`rine bolg`an talabı jeke talap delinedi. Bir qansha (ko`pshilik) tutınıwshılardın` usı tu`rdegi tovar yaki xızmetke bolg`an talapları jıyındısı bazar talabı delinedi.

Ha`zirde ekonomikalıq a`debiyatlarda talaptın` tu`rli ko`rinislerin ajıratıwg`a ko`rsetiiwge ayırıqsha itibar qaratılmaqta. Sonlıqtan, islep shıg`arıw faktorlarına talap (islep shıg`arıw talabı) ha`m tutınıw buyımlarına talap (xalıq talabı) parıqlanadı.

Sonlıqtan, haqıqıy tovar ha`m xızmetlerge haqıqıy ko`rsetiw bolıwshı, qandırılg`an (haqıqıy talaptın` bazarda tovar ha`m xızmet satıp alıw arqalı qandırılg`an bo`limi) ha`m qandırılmag`an (haqıqıy talaptın` bazarda za`ru`r tovarlardın` joqlıg`ı yaki olar assortimenti ha`m sıpatının` qarıydar talabına juwap bermesligi sebepli qandırılmag`an bo`limi) talaplar parıqlanadı. Qandırılmag`an talap tu`rli ko`rinislerde ko`rsetilgen bolıwı mu`mkin: jasırın, ku`ndelikli, ha`reketshen`, toplang`an talap.

Tovarg`a bolg`an talap ko`plep faktorlar, **ma`selen**, reklamadan paydalanıw, moda ha`m diydiler (vkus), apzal ko`riw, qorshag`an-ortalıq, tovarlardı qolg`a kiritiw imkaniyatı, da`ramat mug`darı, paydalılıq, o`z - ara orınbasar tovarlar bahası, xalıq sanı, kelesidegi bahalardın` o`zgeriwi ha`m basqalardın` ta`sirinde o`zgeriwi mu`mkin. Sog`an ko`re, **ekzogen** ha`m **endogen** talap parıqlanadı.

**Ekzogen talap** – bul ma`mleket yaki erkin bazar sistemasınan sırttag`ı qanday da ku`shtin` aralasıwı na`tiyjesinde o`zgergen talap.

**Endogen yaki ishki talap** – bul ja`miyette bar bolg`an faktorlar ta`sirinde ja`miyet ishinde quram tapqan talap. Talaptın` bunday bo`listiriliwin to`mendegi arnawlı sistema ko`rinisinde su`wretlew mu`mkin (1-sızılma).

2-tablitsa

Baha ha`m satıp alınatug`ın tovar mug`darı ortasındag`ı baylanılılıq

| Bir kg un bahası (Tsent) | 1 ay dawamında ung`a bolg`an jekke talap mug`darı (kg) | 1 ay dawamında ung`a bolg`an bazar talabı mug`darı (tonna) |
|---|---|---|
| 350 | 10 | 1,0 |
| 300 | 20 | 2,0 |
| 250 | 30 | 3,0 |
| 200 | 50 | 5,0 |
| 150 | 60 | 6,0 |




1-sızılma. Talaptın` bo`listiriliwi

İndividual, yag`nıy jekke talap ha`m, bazar talabı ha`m mug`dar ta`repten anıqlangadı. Biraq bul mug`dar ha`r dayım ha`m bir qıylı bolıp turmaydı, ba`lki o`zgeriwshen` boladı. Talap mug`darının` o`zgeriwine bir qansha faktorlar ta`sir qıladı. Olardın` ishinde en` ko`p ta`sir qılatug`ın faktor baha faktorı esaplanadı. Baha ha`m  satıp alınatug`ın tovarlar mug`darı ortasındag`ı bolatug`ın baylanıslılıqtı to`mendegi 2-tablitsa mag`lıwmatları tiykarında qarap shıg`amız.

Tablitsa mag`lıwmatları tovar bahasının` pa`seyiwi satıp alınatug`ın tovar mug`darının` o`siwine ha`m kerisinshe, bahanın` o`siwi talap mug`darının` kemeyiwine alıp keliwin ko`rsetedi. **O`nim bahası ha`m satıp alınatug`ın tovar mug`darı o`zgeriwi ortasında bolatug`ın keri yaki qarama - qarsı baylanıslılıq talap nızamı delinedi.**

Tovar bahası ha`m onın` satıp alınatug`ın mug`darı (talaptın`) ortasındag`ı keri baylanıslılıqtı a`dette eki o`lshemli grafikte ha`m su`wretlew mu`mkin: jatıq (gorizontal) sızıq talap mug`darın, tik (vertikal) sızıq bahanı ko`rsetedi (3-sılılma).




3-sızılma. Talap iymek sızıg`ı.

Grafiktegi DD iymek sızıq baha ha`m talap ko`lemi ortasındag`ı keri baylanıslılıqtı su`wretlep ko`rsetedi.

Grafiktegi ha`r bir tochka tovardın` anıq bahası ha`m tutınıwshı usı bahada satıp alıwı mu`mkin bolg`an tovar mug`darın ko`rsetedi.

Baha ha`m talap ko`leminin` o`zgeriwi ortasındag`ı keri baylanıslılıqtı ko`rsetiwshi bul sızıq talap iymek sızıg`ı delinedi.

Eger talap iymek sızıg`ı o`zinin` aldıng`ı jag`dayında qalsa ha`m bunda ol yaki bul tovardı satıp alıwdag`ı ha`r qanday mug`darlıq o`zgeriw talap mug`darının` o`zgeriwshen`ligin bildiredi. Talap nızamının` a`mel qılıwı to`mendegi sebepler arqalı tu`sindiriledi:

**1) Ha`r qanday baha tutınıwshı ushın tosıq wazıypasın o`teydi.** Tutınıwshılar ma`lim bir tovardı onın` bahası pa`s bolsa, ko`birek satıp ala baslaydı. Tutınıwshı ushın baha satıp alıwg`a tosqınlıq qılıwshı tosıq sıpatında ko`rinis boladı. Bul tosıq qansha joqarı bolsa, ol sonsha kem tovar satıp aladı. Basqasha aytqanda, joqarı baha tutınıwshının` satıp alıw istegin so`ndiredi, pa`s baha bolsa satıp alıw istekti ku`sheytiredi.

Real ekonomikalıq turmısta arasında bul qag`ıyda qa`rsı bolg`an, yag`nıy ayırım tovar bahasının` o`siwi menen og`an bolg`an talap mug`darının` ja`ne de artıwı jag`dayı ha`m ushırasadı. Bul jag`day Giffen na`tiyjesi dep (angilishan ekonomisti R.Giffen atı menen) ataladı. Giffen ka`mbag`al jumısshı sem`yaları kartoshka qımbatlawına qaramastan onı tutınıw qılıw ken`eyiwin ku`zetip, bul

na`tiyjeni su`wretlep ko`rsetken. Tu`sindiriw sog`an tiykarlang`an boladı, kartoshka ka`mbag`al sem`ya awqatında o`nimlerdin` tiykarg`ı bo`limin iyeleydi. Eger kartoshka bahasının` o`siwi ko`rinis berse, bunda ka`mbag`al sem`ya et satıp alıwdan ulıwma waz keshiwge ma`jbu`r boladı, o`zinin` ko`p bolmag`an da`ramatının` barlıg`ın kartoshka satıp alıwg`a sarıplaydı.

Demek, bunday wazıyatta bahalardın` o`siwi za`ru`r tovarlarg`a talaptın` kemeymesten, kerisinshe onın` asıwına alıp keliwi mu`mkin.

**2) Almasıw na`tiyjesnin` a`mel qılıwı.** Ayırım jag`daylarda tovar bahasının` pa`seyiwi na`tiyjesinde tutınıwshının`, basqa tovarlar satıp alıw mug`darın qısqartırmag`an halda, usı tovardı aldıng`ıg`a qarag`anda ko`birek mug`darda satıp alıw imkanı payda bolıladı. Basqasha aytqanda, tovar bahanın` pa`seyiwi tutınıwshı pul da`ramatının` satıp alıw quwatın asıradı, bunın` na`tiyjesinde ol aldıng`ıg`a ko`re ko`birek tovar satıp alıw imkanına iye boladı.

**Almasıw na`tiyjesi** – belgili bir tovar bahasının` pa`seyiwi menen basqa tovarlar bahasının` salıstırmalı qımbatlasıwı na`tiyjesinde olar tutınıwın arzan tovar esabına almastırıw imkanının` payda bolıwı boladı.

3) Keyingi qosılg`an mug`dar paydalılıg`ının` pa`seyip barıwı nızamının` a`mel qılıwı. Bizge belgili, tovarlar o`zinde qandayda bir paydalılıqtı qolaylas-tırg`anı ushın satıp alıw etiledi ha`m tutınıw qılınadı. Tovardın` tu`rli mug`darları tutınıw qılıng`anda, olar keltiriwshi ulıwma paydalılıq artsada, keyingi qosılg`an birlik keltiriwshi payda barqulla pa`seyip barıw tendentsiyasına iye boladı. Sog`an ko`re, tovardın` na`wbettegi birligini satıp alıw, onın` bahası pa`seygen tag`dirde g`ana paydalı esaplanadı.

Joqarıdag`ı printsiplerdin` a`mel qılıwı joqarı na`tiyjelerine birg`ana na`tiyje – talap nızamının` a`mel qılıwına, yag`nıy tovar satıp alıw ko`lemi o`zgeriwin onın` bahası o`zgeriwine keri jo`neliwde barıwına sebep boladı.

Talap mug`darına bahadan tısqarı ta`sir qılıwshı faktorlar. Talap ko`leminin` o`zgeriwi tek g`ana tovar bahasını emes, ba`lki basqa bir qatar faktorlarg`a ha`m baylanıslı boladı. Bul faktorlar talaptın` bahadan tısqarı faktorları delinedi.

Talapqa bahadan tısqarı to`mendegi tiykarg`ı faktorlar ta`sir ko`rsetedi:

1) Tutınıwshının` diydi (vkus);

2) Bazardag`ı tutınıwshılar sanı;

3) Tutınıwshılardın` da`ramatları;

4) Bir–birine baylanıslıtovarlardın` bahası;

5) Keleshekte baha ha`m da`ramatlardın` o`zgeriwi itimal.

Bul faktorlardın` o`zgeriwi talap ko`leminin` o`zgeriwine qanday ta`sir ko`rsetiwin qarap shıg`amız.

Birer o`nimge tutınıwg`a, dyidindegi unamlı o`zgeriw ko`rinis berse, bahanın` tegisli da`rejesinde og`an bolg`an talap artadı. Tutınıwshı diydine unamsız ta`sir ko`rsetetug`ın jag`daylar talaptın` qısqarıwına alıp keledi.

O`z-o`zinen anıq boladı, bazarda tutınıwshılar sanı ko`beyse, talap artadı, tutınıwshılardın` sanı kemeyse, talap qısqaradı. **Ma`selen,** baylanıs qurallarının` quramalasıwshı xalıqara finanslıq bazar shen`berin, ondag`ı qımbat bahalı qag`azlardın` aldı - sattı protsesslerinde qatnasıw-shılar sanın ten`siz ken`eytiredi ha`mde aktsiya ha`m obligatsiya kibi finanslıq aktivlerge bolgan talaptın` o`siwine alıp keledi. Tuwılıw da`reje-sinin` pa`seyiwi balalar baqshası ha`m mektepke bolg`an talaptı kemeytiredi.

Pul da`ramatı o`zgeriwinin` talap ko`lemine ta`siri basqa faktorlarg`a qarag`anda anag`urlım bekkem. Pul da`ramatının` artıwı ju`da` ko`p tovarlarg`a talaptısalıstırmalı asıradı, da`ramattın` kemeyiwi bolsa bunday tovarlarg`a talaptı kemeytiredi. Da`ramat artsa, onın` o`siwine qarap tutınıwshılar qarama-qarsı jag`daylarda bahanı joqarı bolsada, ko`birek sıpatlı tovarlardı satıp alıwg`a ha`reket qılısadı. Bunda olar: nan, kartoshka, qıyar sıyaqlı o`nimlerdi kemirek satıp alıwları mu`mkin. Sebebi artıqsha da`ramat olarg`a ju`da` joqarı belok quramına iye bolg`an azıq - awqat o`nimleri, ma`selen, et ha`m su`t o`nimlerin satıp alıw imkanının beredi. Da`ramattın` o`zgeriwi menen talap mug`darı turı baylanıslıqta o`zgeretug`ın tovarlar joqarı kategoriyalı tovarlar delinedi.

Da`ramatlar o`zgeriwi menen talap mug`darı keri baylanıslıqta o`zgeretug`ın tovarlar pa`s sıpatlı tovarlar delinedi. Tutınıwshılar da`ramatı ha`m olar ta`repinen satıp alınatug`ın tovarlar mug`darı ortasındag`ı baylanıslıq nemis ekonomisti ha`m

statisti Ernst Engel` (1821-1896) ta`repinen teren` analiz etilgen. Keyinirek, **tutınıwshı da`ramatı menen ol ta`repinen satıp alınıwı mu`mkin bolg`an tovarlar mug`darı ortasındag`ı o`z-ara baylanılılıq Engel` nızamı delinedi.**

Bul nızamnın` a`mel qılıwın Engel` iymek sızıg`ı arqalı su`wretlew mu`mkin (4-sızılma). Joqarı sıpatlı yaki normal tovarlar ushın Engel` iymek sızıg`ı o`siwshen` ko`riniste boladı. Haqıyqatan ha`m, xalıq da`ramatları o`sip barıwı menen bul tu`rdegi tovarlar ko`birek satıp alınadı. Pa`s sıpatlı tovarlar ushın Engel` iymek sızıg`ı pa`seyiwshen` ko`riniste bolıp, da`ramatlar asıp barıwı menen tutınıwshılar olardı kemirek mug`darda satıp aladı. Eger tovardın` tutınıwı da`ramat da`rejesine baylanıslı bolmasa, ol jag`dayda Engel` iymek sızıg`ı tik halda boladı.

Sızılmadan ko`rinedi, tutınıwshının` bir aylıq da`ramatı 10 mın` tsentten 20 mın` tsentke asqanda, ol satıp alg`an on`im mug`darı 1 danadan 2 danag`a, 20 mın` tsentten 30 mın` tsentke asqanda 2 danadan 4 danag`a aspaqta. Da`ramatlardın` keyingi o`siwi menen tovarlar satıp alıw ko`leminin` o`siwi pa`sen`lespekte: 30 mın` tsentten 40 mın` tsentke shekem – 4 danadan 6 danag`a shekem, 40 mın` tsentten 50 mın` tsentke shekem – 6 danadan 7 danag`a shekem. Da`ramattın` bunnan joqarı da`rejelerinde bolsa satıp alıw ko`leminin` o`siwi pu`tkinley toqtag`an (da`ramattın` 60 mın` tsent ha`m onnan joqarı da`rejelerinde belgili tovardın` 7 danası satıp alınbaqta).

Engel` iymek sızıg`ı tutınıwshılar pul da`ramatları o`zgeriwinin` talapqa qanday ta`sir qılıwı twrısında axborot beredi. Bul axborot tovar islep shıg`arıw-shılar ushın o`z tovarlarının` mumkin bolgan satıw ko`lemi ha`m bazar kon`yuk-turasın bahalawda anıq a`hmiyet talap etedi.

O`z - ara baylanıslılıq tovarlar bahası o`zgeriwinin` talapqa ta`sirin u`yreniwde olardı eki guruppag`a ajıratıw maqsetke muwapıq boladı:

1) o`z - ara bir - birin almastırıwshı yaki orınbasar tovarlar;

2) o`z - ara bir - birin toltırıwshı tovarlar.




4-sızılma. Engel` iymek sızıg`ı.

O`z - ara bir - birin almastırıwshı tovarlardan birinin` bahasının` o`zgeriwi menen basqasına bolgan talaptın` o`zgeriwi twrı baylanıslıqta boladı. **Ma`selen**, Sarı may bahasının` asıwı margaringe bolgan talaptın` artıwna alıp keledi. Sarı may bahasının` pa`seyiwi bolsa margaringe bolg`an talaptı kemeyttiredi.

O`z-ara bir-birin toltırıwshı tovarlardan birinin` bahasının` o`zgeriwi menen basqasına bolg`an talaptın` o`zgeriwi keri baylanıslıqta boladı. **Ma`selen**, eger avtomobildin` bahası artsa, benzinge bolg`an talap qısqaradı, ha`m kerisinshe, avtomobildin` bahası tu`sse, benzinge bolgan talap artadı.

3). Aldag`ı waqıtta tutınıwshı da`ramatları, tovar bahası o`zgeriwinin` ku`tiliwi ha`m tovarlar mug`darının` jeterli bolıwı yaki bolmaslıg`ı sıyaqlı faktorlar talap ko`leminin` o`zgertiriwi mu`mkin. Aldag`ı waqıtta bahanın` salıstırmalı o`siwinin` ku`tiliwi, tutınıwshı ku`ndelikli talabının` asıwına alıp keledi. Kerisinshe, bahanın` pa`seyiwi ha`m da`ramattın` ko`beyiwinin` ku`tiliwi tovar-larg`a bolg`an ku`ndelikli talap ko`leminin` qısqarıwna sebep boladı.

### 1.6.2. Usınıs tu`sinigi. Usınıs mug`darına ta`sir qılıwshı faktorlar. Usınıs nızamı

Ma`lim waqıt aralıg`ındag`ı bahalardın` belgili bir da`rejesinde islep shıg`arıwshı yaki satıwshı ta`repinen ma`lim tu`rdegi tovar ha`m xızmetlerdin` bazarg`a shıg`arılg`an mug`darı usınıs belinedi. Baha o`zgeriwi menen satıwg`a shıg`arılatug`ın o`nim mug`darı ha`m o`zgeriwi sebepli talap sıyaqlı usınıstın` da bir qatar al`ternativ variantları bar boladı. O`z aldına bo`lek islep shıg`arıwshı ha`mde bazar usınısın ko`rsetiwshi mısal 5- tablitsada ko`rsetilgen.

Usınıs bahalardın` tu`rli da`rejesinde qansha mug`dardag`ı o`nimnin` satıwg`a shıg`arılıwın ko`rsetedi.

İs haqının` asıwı menen sog`an sa`ykes ra`wishte satıwg`a shıg`arılatug`ın tovarlar usınısı mug`darı da artadı, bahanın` tu`siwi menen usınıs ko`lemi qısqaradı. **Bahanın` o`zgeriwi menen usınıs etilip atırg`an tovar mug`darının` twrı baylanıslıqtag`ı o`geriwi usınıs nızamı delinedi**.

5-tablitsa.

Baha ha`m usınıs mug`darı ortasındag`ı baylanıslılıq

| 1 kg un bahası (tsent) | 1 ay dawamında unnın` jeke usınısı mug`darı (kg) | 1 ay dawamında unnın` bazar usınısı mug`darı (tonna) |
|---|---|---|
| 350 | 60 | 6,0 |
| 300 | 50 | 5,0 |
| 250 | 30 | 3,0 |
| 200 | 20 | 2,0 |
| 150 | 10 | 1,0 |

Tutınıwshı ushın bahanın` asıwı tosıq rolin oynasa, islep shıg`arıwshı ushın xoshamatlendiriw wazıypasın orınlaydı.

Baha da`rejesi ha`m usınıs mug`darı ortasındag`ı tuwrıdan - tuwrı baylanıslılıqtı ko`rsetiwshi 5-tablitsadag`ı mag`lıwmatlardı grafikke su`wretlep, usınıs iymek sızıg`ın su`wretlew mu`mkin (6-sızılma).

Bazarda usınıs qılınatug`ın tovar ko`lemine bahadan tısqarı bir qatar faktorlar da ta`sir qıladı. Bul faktorlardın` tiykarg`ıları to`mendegiler:

1) Resurslartın` bahası;

2) İslep shıg`arıw texnologiyası;

3) Salıq ha`m subsidiyalar;

4) Basqa tovarlardın` bahası;

5) Baha o`zgeriwinin` ku`tiliwi;

6) Bazardag`ı satıwshılar sanı.




6-sızılma. Usınıs iymek sızıg`ı.

Belgili faktorlardan bir yaki bir neshshesinin` o`zgeriwi usınıs ko`leminin` o`zgeriwin ko`rsetedi. Usınısqa ta`sir qılıwshı faktorlardı bo`lek - bo`lek o`z aldına ko`rip shıg`amız.

**Resurslardın` bahası**. İslep shıg`arıw qa`rejetleri ha`m usınıs ortasında bekkem o`z-ara baylanıslılıq bar. Resurs bahalarının` pa`seyiwi islep shıg`arıw qarejetlerin kemeytiredi ha`m usınıstı asıradı. Kerisinshe, resurslarg`a bahanın` asıwı islep shıg`arıw qa`rejetlerin asıradı ha`m usınıstı qısqartıradı. **Ma`selen**, mineral to`ginnin` bahasının` pa`seyiwi biyday usınısın asıradı, tamshılatıp su`wg`arıw qa`rejetlerinin` asıwı ma`kkeju`geri da`ni usınısın qısqartadı.

**İslep shıg`arıw texnologiyası**. Texnologiyalardın` quramalasıwı o`nim birligin birqansha na`tiyjeli islep shıg`arıwg`a imkan beredi. Resurslardın` berilgen bahasında islep shıg`arıw qarejetleri kemeyedi ha`m usınıs ko`beyedi. **Ma`selen**,

paxta zıyankeslerine qarsı qanshelli na`tiyjeli biologiyalıq usıllardın` jaratılıwı paxta talasının` uzınlıg`ın ha`m sapasına usınısın asıradı.

**Salıq ha`m subsidiyalar da`rejesi**. Kopshilik salıqlar islep shıg`arıw qa`rejetleri quramına kiredi. Sol sebepli salıqlardın` asıwı islep shıg`arıw qa`rejelerin asıradı ha`m usınıstı qısqarttıradı. **Ma`selen**, import tovarlarg`a bajı to`lewlerinin` asıw onın` usınısın qısqarttıradı. Kerisinshe, ma`mleket qandayda bir tovar islep shıg`arıw yaki birer tarawg`a subsidiya berse, bul a`melde qa`rejetlerdi kemeyttiredi ha`m onın` usınısın asıradı.

**Basqa tovar bahası**. Basqa tovarlar bahalarının` o`zgeriwi de belgili tovar usınısın o`zgertiredi. **Ma`selen**, qoy eti bahasının` pa`seyiwi mal etinin` usınısın asıradı. Kerisinshe, mal eti bahasının` tu`siwi qoy eti usınısın asıradı.

**Baha o`zgeriwinin` ku`tiliwi**. Aldag`ı waqıtta o`nim bahasının` o`zger-iwinin` ku`tiliwi de islep shıg`arıwshının` bu`gingi ku`ndegi bazarg`a o`nim jetkizip beriw qa`lewlerine ta`sir ko`rsetiwi mu`mkin, keleshekte neft` bahasının` keskin pa`seyiwinin` ku`tiliwi nefttin` usınısın pa`seyttiredi.

**İslep shıg`arıwshılar (satıwshılar) sanı**. Tovar islep shıg`arıwshılar qanshelli ko`p bolsa, usınıs qılınatug`ın o`nim mug`darı sonshelli ko`p boladı. Tarawdag`ı islep shıg`arıwshılar sanı artıp barıwı usınıstı ko`beyittiredi, sebebi tovar islep shıg`arıw ko`beyedi.

Usınıs ko`leminin` o`zgeriwine tovardın` saqlanıw qasiyeti, saqlaw qa`rejet-leri ha`m transport - tasıw imkaniyatları da ta`sir ko`rsetedi. **Ma`selen**, uzaq waqıt saqlap bolmaytug`ın awıl xojalıq ha`m azıq - awqat o`nimleri ushın usınıs kemnen - kem o`zgeriwshen` boladı.

İslep shıg`arıw protsessinin` belgisi, ta`biyiy resurslardın` bar da`rejesi de usınısqa ta`sir ko`rsetedi. **Ma`selen**, bahanın` o`zgeriwine juwap beretug`ın islep shıg`arıwdı ken`eyttiriw yaki basqa tu`rli o`nim islep shıg`arıwg`a o`tiw imkaniyatı bar bolsa usınıs o`zgeredi. Awıl xojalıg`ına jaramlı bolg`an jerler sheklengen bolsa, onın` bahası (renta) qanshelli aspasın, jer usınısın asırıp bolmaydı.

Unamlı ka`sip tarawı xızmetkerlerinın` (**ma`selen**, ilimpazlar, shayırlar, jazıwshılar ha`m basqalar) miynet na`tiyjesi (o`nimi) ha`m siyrek sanaat shıg`ar-malarının` usınısı ha`m o`zgermes boladı.

### 1.6.3. Talap mug`darı ha`m usınıs ortasındag`ı qatnasının` o`zgeriwi. Bazar ten`salmaqlılıg`ı

Biz joqarıda tu`rli faktorlar ta`sirinde talap ha`m usınıs mug`darının` o`zgerip turıwn ko`rdik. Lekin talap penen usınıs mug`darları bir - birleri menen barqulla ma`lim salıstırmalı boladı, bul salıstırmalar o`zgerip turadı. Ayırım waqıtta talap mug`darı usınıs mug`darınan asıp ketip, baha ko`terilse, ayırım paytta usınıs mug`darı talap mug`darınan asıp ketip, baha pa`seyip qaladı. **Talap mug`darı menen usınıs mug`darı ortasındag`ı salıstırmalıq bir - birine ten` bolg`an jag`day bazar ten`salmaqlılıg`ı delinedi**. **Bazar ten`salmaqlılıg`ı kelip shıqqan jag`dayda sheklengen baha bazar bahası delinedi**. Geyde onı ten`salmaqlasqan baha ha`m dep ju`ritedi. Bazar ten`salmaqlılıg`ı ha`m ten`salmaqlı baha barqulla payda bolıp turmaydı, olarg`a ta`sir qlıwshı ko`plep faktorlar ten`salmaqlılıg`ının` buzılıwına sebep boladı. Biraq ekonomikada usı ten`salmaqlılıqqa barqulla umtılıw payda boladı.

Talap ha`m usınıs tu`sinikleri analizi, bizge satıwshı ha`m qarıydarlar bir birine sa`ykes keliwin qarap shıg`ıwg`a o`tiw imkanın beredi. Sa`ykes keliwshilik oz ko`rinisin ten`salmaqlı bahada tabadı.

Aldın`g`ı paragraflarda ko`rip shıg`ılg`an talap ha`m usınıs iymek sızıqların bir grafikke jaylastırıp bazar ten`salmaqlılıq tochkasın payda qılamız (7-sızılma):




7-sızılma. Tensalmaqlı baha.

$$\mathbf{T_b = T_f = N_m = M_m,}$$

bul jerde:

$T_b$ – talap;

$T_f$ – usınıs;

$N_m$ – ten`salmaqlılıq baha;

$M_m$ – tovardın` ten`salmaqlılıq mug`darı.

Grafikte E tochkag`a tensalmaqlılıq baha ($N_m$) ha`m o`nimnin` ten`salmaqlılıq mug`darı ($M_m$) sa`ykes keledi. Yag`nıy, baha 250 tsent bolg`anda, qarıydar belgili tovar (un) nan 3 tonna satıp alıwg`a, satıwshı bolsa 3 tonna undı bazarg`a shıg`arıwg`a tayar boladı. 200 tsentlik bahada satıwshılar ha`m qarıydarlar awhalı pu`tkilley o`zgeredi: satıwshılar tek g`ana 2 tonna undı satıwg`a, qarıydarlar bolsa 5 tonna undı satıp alıwg`a tayar boladı ha`m basqa.

Grafikte bahanın` 350 tsent da`rejesidegi bazar jag`dayı tovarlar artıqsha islep shıg`arılıwın ko`rsetedi ha`m toyıng`an bazardı su`wretleydi. Kerisinshe sum da`rejesindegi bazar jag`dayında tovar qıtshılıg`ı (defitsit) kelip shıg`adı ha`m defitsit tovar bazarın su`wretleydi.

Ten`salmaklılıq bahanı tu`sinip alıw ushın waqt faktorı ulken a`hmiyetke iye boladı. Sol sebepli bazardag`ı bir maydanlıq, qısqa da`wirli ha`m uzaq da`wirli ten`salmaqlılıq jag`daydı parıqlaw za`ru`r.

Bir maydanlıq ten`salmaqlılıq ushın usınıs qılınatug`ın tovarlardın` o`zgermes yaki udayılıq mug`darı ılayıq. Bul islep shıg`arıwdın` bazar wazıyatına tez, birden maslasa almaslıg`ı menen baylanıslı.

Qısqa da`wirli ten`salmaqlılıqtı, islep shıg`arıw ha`m usınıstı waqtınshalıq a`mel qılıwshı faktorlardan paydalanıw tiykarında ko`beyttiriw imkaniyatın ko`rsetedi.

Bunday waqtınshalıq faktorlarg`a:

- jumıs waqtınan tısqarı;

- dem alıw ha`m bayram ku`nleri islew,

- jumıs smenasın ko`beyttiriwler kiredi.

Uzaq da`wirli ten`salmaqlılıq o`zgeriwi uzaq mu`ddetli da`wirdegi fak-torlardan paydalanıwdı ko`rsetedi. Bunda islep shıg`arıwdı qayta qurallandırıw, jan`alaw ha`m qosımsha quwatlardı payda etiw menen baylanıslı investitsiyalar haqqında so`z baradı. Bul da`wirde jan`a ka`rxanalardı qurıw ha`mde belgili bazarda jan`a ka`rxanalardın` payda bolıw ha`m mu`mkin boladi.

Bazardın` joqarıda bayan etilgen modeli statistikalıq model esaplanadı, sebebi ol waqıttın` qandayda bir qatan` belgilengen da`wiri (**ma`selen**, jıl, ay ha`m ha`zirgi ku`n) di o`z ishine aladı. Waqıt deregindegi onın` o`zgeriwshileri ortasındag`ı baylanıslar ko`rip shıg`ılmaydı.

Modelge talap, usınıs ha`m bahanın` waqıt deregindegi o`z - ara bayla-nıslılıg`ının` kiritiliwi onın` dinamikalıq modelin payda etedi. Bunda a`meldegi bazar bahası ten`salmaqlılıq bahasının` sa`ykes keliwi ha`m, kelmesligi ha`m mu`mkin. Ulıwma alg`anda, dinamikalıq modelde waqıt o`tiwi menen talap ha`m usınıs o`z - ara salıstırmalılıg`ı saqlanıp qalg`anı halda bahanın` ten`salmaqlılıg`ına umtılıwına ko`re 3 tu`rli jag`day ju`z beriwi mu`mkin:

1) Waqıt o`tiwi menen ten`salmaqlılıq bahasınan shetleniw da`rejesinin` kemeyip barıwı (8-sızılma);

2) Waqıt o`tiwi menen ten`salmaqlılıq bahasınan shetleniw da`rejesinin` o`sip barıwı (9-sızılma);

3) Bahanın` tensalmaqlılıq bahası a`tirapında terbelip, ulıwma ten`-salmaqlılıqqa erispewshiligi (10-sızılma).

Bul jag`daylardın` grafiktegi ko`riniwi tap o`rmeshektin` torı tu`rindegi sızıqlar hasıl qılg`anlıg`ı ushın a`dette ekonomika teoriyasında onı «**o`rmeshek torı tu`rindegi model**» dep ataladı.

**Birinshi jag`daydı ko`rip shıg`amız.** 8-sızılmadan ko`rinip turıptı, bahanın` da`slepki $R_0$ da`rejesinde talap ju`da` pa`s, usınıs bolsa ju`da` joqarı boladı, yag`nıy islep shıg`arıwshılar o`nim ko`lemin $Q_0$ da`rejesine shekem jetkiziwleri mu`mkin.

Biraq $Q_0$ mug`dardag`ı o`nim bazarda o`z iyesin tappaydı, sebebi bunday ko`lemdegi o`nimdi satıp alıwdı xoshametlendiriw ushın baha $R_1$ da`rejege shekem pa`seyiwi lazım. Bahanın` $R_1$ da`rejege umtılıw o`z nawbetinde usınıs mug`dar-ının` ha`m $Q_1$ da`rejege shekem qısqarıwına alıp keledi. $Q_1$ mug`dardag`ı o`nimdi satıp alıw ushın qarıydarlar ortasındag`ı ba`seki onın` bahasın $R_2$ ge shekem o`siwine ta`sir ko`rsetedi. Bunday baha da`rejesinde bolsa islep shıg`arıwshılar o`nim ko`lemin $Q_2$ ge shekem o`stiriwleri mu`mkin, bul o`siw bahanın` $R_3$ da`rejesine tu`siwin keltirip shıg`aradı. Sonday ta`rizde baha jo`nelisinin` spiral ta`rizdegi ha`reketi onı joqarı na`tiyje ten`salmaqlılıq bahanı $R_E$ ge alıp keledi.




8-sızılma. Ten`salmaqlılıq ta`repke barıwshı «o`rmeshek torı tu`rindegi model».

8-sızılmada joqarıdag`ı protsesstin` keri jag`dayı ju`z beredi, yag`nıy bunda tensalmaklılıq bahası janınan baslang`an bazar bahası $R_0$ nın` ha`reketi joqarı na`tiyjesinde onın` ten`salmaqlılıq tochkasınan ja`nede uzaqlasıwına alıp keledi.

8-sızılmadan ko`rinip turıptı, o`zinin` ha`reketin $R_0$ da`rejesinnen baslag`an bazar bahası o`nim islep shıg`arıw ko`leminin` $Q_0$ da`rejesine shekem o`siwine, bunın` na`tiyjesinde bolsa bahanın` $R_1$ ge shekem pa`seyiwine alıp keledi. Bahanın` pa`seyiwi islep shıg`arıw ko`lemin $Q_1$ ge shekem pa`seyttirip, jan`a bazar bahasını $R_0$ ge shekem ko`teredi. Sonday ta`rizde, bazar bahası ten`salmaqlılıq bahası a`tirapında ga` ko`terilip, ga` pa`seyip, terbelip tura beredi.

## Bap -2. Tutınıwdın` Keynslik funktsiyası. Toplaw funktsiyası. İnvestitsiyalıq funktsiyası.

### 2.1. Klassik ekonomistlerinin` ekonomikalıq ten`salmaqlılıq teoriyası belgileri

Bizge belgili ekonomikalıq ten`salmaqlılıq haqqındag`ı ko`z - qaraslar waqıt o`tiwi menen o`zgerip turg`an. Klassikalıq ekonomikalıq teoriya ta`repdarları bazar ekonomikası barqulla resurslardan tolıq paydalanıw imkanın beredi dep esapla-g`an. Olar ekonomikada ayırım waqıtlarda - urıs, siyasiy boranlar, ta`biyiy apatshılıq ha`m sonday-aq, baska jag`daylar ta`sirinde o`zgerisler bolıp turıwnın ta`n alıwg`a ha`m, bazar sistemasının` o`zinen say belgileri bul ekonomikalıq qıyınshılıqlardı o`z - o`zinen sheshiledi dep tu`sindiredi.

Klassikler teoriyası negizinde eki tiykarg`ı tu`sinik bar.

**Birinshiden**, tolıq ba`ntlik sharayatında o`nimlerdi satıp alıw ushın qa`rejetler mu`g`darının` ( Y **= S + I + G + Xn**) jetispewshiligi (yag`nıy,
AD <AS bolıwı) mu`mkin emes.




9-sızılma. Toplaw - investitsiya grafigi.

**Ekinshiden**, ulıwma qa`rejetler mug`darı jetispey qalg`an sharayatta ha`m baha, is haqı ha`m protsent stavkası sıyaqlı qa`tarlar iske tu`sedi ha`m na`tiyjede qa`rejetler mug`darının` kemeyiwi islep shıg`arıwdın` real ko`lemi, ba`ntlilik ha`m real da`ramatlar mug`darının` kemeyiwine alıp kelmeydi. Pul bazarı investitsiya ha`m toplawlar ten`ligin ha`mde tolıq ba`ntlik sharayatın ta`miyinleydi. Tek g`ana,

jumıssızlıqtın` ta`biyiy da`rejesinde «**ıqtiyarlıq**» jumıssızlıq bolıw mu`mkin dep esaplanadı. Bul sonnı bildire, AD ha`m AS nın` ten`salmaqlılıq tochkasında islep shıg`arıw ko`leminin` (Y) potentsial ko`lemine (Y*) ten`.

Klassik ekonomistler toplaw talabnın` jetispewshiligine alıp kelmeydi, sebebi ha`r bir toplandırılg`an sum isbilermenler ta`repinen investitsiyalanadı, dep tastıyıklasadı. Egerde, isbilermenler u`y xojalıqlarının` toplawları mug`darında investitsiya qılıssa, islep shıg`arıw ha`mde ba`ntlilik da`rejeleri barqulla bolıp qaladı.

Klassik ekonomistler tastıyıqlawlarınsha, kapitalizmnin` o`zine mas pul bazarı bar ha`m bul bazar toplaw ha`m investitsiyalardın` ten`ligin ta`miyinleydi. Bunda ten`lestiriwshi faktor rolin protsent stavkası orınlaydı (9-sızılma) Sonın` ushın da tolıq ba`ntlik bar boladı. Bul ekonomistler ma`mlekettin` ekonomikag`a aralasıwı qısqa mu`ddetli na`tiyje beriwshi qısqa mu`ddetli na`tiyje berse de, uzaq mu`ddetke, aqırı - son`ı bazar ekonomikasının` ta`biyiy ha`reket mexanizmine ta`biyiy emes aralasqanlıg`ı ushın, keri aqıbetlerge alıp keledi dep esaplanadı.

## 2.2. Keynstin` makroekonomikalıq ten`salmaqlılıq teoriyası tiykarları

Sonı bilemiz, ekonomikada tolıq ba`ntlik sharayatına ha`r dayım da erisip bolmaydı. Sonın` ushın da basqa bir ekonomistler klassikalıq teoriyanın` tiykarg`ı ta`replerin kritikalawdı basladı.

1936-jılı angilichan ekonomisti Jon Meynard Keyns kapitalizm ekonomikasına jan`a, is penen ba`ntlik teoriyasın kiritedi. Ol o`zinin` «**Pul, protsent ha`m is penen ba`ntliktin` ulıwma teoriyası**» miynetinde jan`asha ekonomikalıq ten`salmaqlılıq teoriyasın ko`rsetip berdi.

Keyns teoriyasının` en` qımbatlı ta`repi sol, ol bazar ekonomikasında jumıs penen tolıq ba`ntlikti ta`miyinleytug`ın hesh qanday mexanizm joqlıg`ın sıpatlaydı. Makro ko`lemde ekonomika ten`salmaqlılıg`ına erisiw mu`mkinligi, leykin sonda ha`m ma`lim mug`darda jumıssızlıq ha`m inflyatsiya saqlanıp qalınıwın, tolıq jumıs penen ba`ntlik nızamlı jag`day emesligin, ba`lki ku`tilmegenlik ekenligin, kapitalizm o`z - o`zinen ta`rtipke tu`sip, rawajlanıp kete bermesligin sıpatlap berdi.

Sonday-aq, bul teoriyada ekonomikadag`ı terbeliwler tek urıs, ta`biyiy apatshılıq ha`m sol sıyaqlı wazıyatlarına baylanıslı emesligin, ba`lki ol tınıshlıq jıllarında ha`m ishki faktorlardın` unamsız aqıbetlerinnen kelip shıg`ıw mu`mkinligi tiykarlang`an. Jumıssızlıq ha`m inflyatsiyanın` kelip shıg`ıwı investitsiya ha`m toplawlarg`a tikkeley baylanıslı. Bahalardın` asıwı ha`m is hakının` pa`seyiwi basqa unamsız faktorlar menen birge ekonomikanın` turaqlılıg`ına alıp keledi.

Bunday qarama - qarsılıqsızlıqtın` tiykarg`ı sebeplerinen biri jobalastırılg`an investitsiyalar ha`m toplawlardın` bir - birine sa`ykes kelmesliginen boladı. Bug`an sebeplerden biri sonda, toplaw ha`m investitsiyalaw tuwrısındag`ı qararlardı ha`r qıylı guruppalardag`ı Adamlar tu`rli maqsetlerde qabıl qılınadı.

**Ekinshiden**, toplawshılar ha`m investorlardı toplaw ha`m inestitsiyalawg`a tu`rlishe sebepler bag`darlaydı. Keynsshiler pikirinshe, toplaw ha`m investitsiyalar bir faktorg`a baylanıslı bolmag`an halda tu`rli sebepler tiykarında a`melge asırıladı. **Ma`selen**, adamlar qunı o`zinin` is haqı mug`darınan artıq bolg`an o`nimlerdi satıp alıw ushın, **ma`selen**, avtomobil` yaki televizor satıp alıw ushın toplaydı. Toplawlar birer shaxs yaki sem`yanın` keleshektegi tutınıwın qandırıw maksetinde, yag`nıy, u`y xojalıqları sem`ya baslıg`ının` nafaqag`a shıqqannan keyingi turmısın yaki balaları keleshegin ta`miyinlew maqsetinde a`melge asırıladı. Bunnan tısqarı toplawlar ku`tilmegen wazıyatlarda paydalanıw maqsetinde ha`m a`melge asırıladı. İnvestorlardı investitsiya kılıwg`a bag`darlawshı sebepler bolsa pro-tsent stavkası menen birge kutilip atırg`an sap payda norması da bolıp tabıladı.

Klassikler teoriyası boyınsha toplaw ha`m investitsiyalar mug`darın anıqlay-tug`ın tiykarg`ı faktor protsent stavkası esaplanadı. Egerde, ol artsa, u`y xojalıqları kemirek tutınıw qılıp, ko`birek toplawg`a ha`reke qılısadı. U`y xojalıqlarında toplawlardın` ko`beyiwi kredit bahalarının` kemeyiwine alıp keledi. Bul bolsa o`z waqtında investitsiyanın` o`siwin ta`miyinleydi.

Keynsshiler pikirinshe bolsa, protsent stavkası emes, ba`lki xalıqtın` ıqtiyarın-dag`ı (qolındag`ı) da`ramatı tutınıw ha`m toplaw dinamikasın belgilep beredi. Keltirilgen teoriyalıq tiykarlarg`a tayang`an halda Keyns o`zinin` makroekono-mikalıq ten`salmaqlılıq modelin islep shıqtı.

## 2.3. Haqıqıy ha`m jobalastırılg`an qa`rejetler

İslep shıg`arıwdın` kemeyiwi na`tiyjesinde mu`mkin bolg`an jog`altıwlardın` aldın alıw ushın ulıwma talaptı ta`rtipke salıp turatug`ın aktiv ma`mleket siyasatı za`ru`r. Sonın` ushın ha`m Keynstin` ekonomikalıq teoriyasın ko`pshilik jag`day-larda ulıwma talap teoriyası dep ju`ritiledi. Ulıwma talap  komponentleri, a`sirese en` turaqlı komponent bolg`an investitsiyalardın` o`zgeriwi makroekonomikalıq turaqlılıq sebeplerinen biri boladı.

**Haqıqıy investitsiyalar** - jobalastırılg`an ha`m jobalastırılmag`an investi-tsiyalar mug`darın o`z ishine aladı. Jobalastırılmag`an investitsiyalarg`a tovar - materiallıq zapaslarına (TMZ) investitsiyalardag`ı ku`tilmegen o`zgeriwler kiredi. Usı  jobalastırılmag`an investitsiyalar ten`lestiriwshi mexanizm sıpatında toplaw ha`m  investitsiyalar mug`darının` o`z-ara bir-birine sa`ykes keliwine alıp keledi ha`m makroekonomikalıq ten`salmaqlılıqtı ta`miyinleydi.

Jobalastırılg`an qa`rejetlerge u`y xojalıqları, firmalar, ma`mleket ha`m sırqı du`n`yanın` o`nim ha`m xızmetlerdi satıp alıwg`a mo`lsherlengen qa`rejetleri kiredi. Firmalar ta`repinen islep shıg`arılg`an o`nimlerdi satıwdag`ı ku`tilmegen o`zgerisler tovar- materiallıq zapaslarına jobalastırılmag`an investitsiyalar qılıwg`a alıp kelse, haqıqıy qa`rejetler joba-lastırılılg`an qa`rejetlerden parıq qıladı.

Jobalastırılg`an qa`rejetler funktsiyası **(E = I + G + Xp)** grafigi, tutınıw funktsiyası **(S = a + v * (U-T))** grafigi ko`rinisindegidey bolıp og`an salıstırg`anda **I + G + Xp** mug`darda joqarıg`a su`rilgen boladı.

Keynstin` makroekonomikalıq ten`salmaqlılıq modelin ko`rip shıg`ıw protsessin a`piwayılastırıw ushın sap eksport mug`darı ulıwma da`ramatlar (Y) o`zgeriwine baylanıslı emes dep alınadı. Sonın` ushın sap eksport tolıg`ı menen avtonom qa`rejetler mug`darına qosıladı.

Avtonom qa`rejetler mug`darı sap eksport funktsiyasın esapqa alg`an halda to`mendegige ten` boladı:

$$\mathbf{a + I + G + g}$$

Sap eksport funktsiyası bolsa to`mendegi ko`riniske iye:

$$Xp = g - m' * Y$$

Bul jerde:

Xp – sap eksport;

g – avtonom sap eksport;

m’ - importqa shegeralıq qolaylılıq;

Y – da`ramat.

$$m' = \Delta M / \Delta Y;$$

Bul jerde:

ΔM - importqa qa`rejetlerdin` o`zgeriwi;

ΔY – da`ramatlardın` o`zgeriwi.

Ulıwma da`ramatlardın` o`siwi menen import ha`m asadı. Sebebi, bunda tutınıwshılar ha`m investorlar milliy ha`m import o`nimlerine bolg`an qa`rejetler mug`darın asıradı.

Bunda ma`mleketten eksport mug`darı usı ma`mlekettegi ulıwma da`ramatlar **(Y)** mug`darına baylanıslı bolmaydı, ba`lki tovar alıp shıg`ıp ketip baratırg`an ma`mlekettin` ulıwma da`ramatları o`zgeriwine baylanıslı boladı. Sonın` ushın ha`m ma`mlekettegi ulıwma da`ramatlar **(Y)** o`zgeriwi menen sap eksport **(Xp)** ortasındag`ı baylanıslılıq unamsız boladı ha`m sap eksport funktsiyasında minus belgisi menen belgilenedi.

## 2.4. «Keyns qa`lewi». İslep shıg`arıw ko`leminin` ten`salmaqlılıq da`rejesine erisiw mexanizmi

Jobalastırılg`an qa`rejetler sızıg`ı haqıqıy ha`m jobalastırılg`an qa`rejetler bir-birine ten` bolg`an (**U=E**) sızıqtı kaysı bir **A** tochkada kesip o`tedi. Keltirilgen usı 17-sızılma “**Keyns qa`lewi**” atın alg`an. **U=E** sızıqta haqıqıy investitsiyalar ha`m toplawlar ten`ligi saqlanadı. **A** tochkada bolsa da`ramatlar jobalastırılg`an qa`rejetlerge ten` boladı. Sonday-aq, bul jerde jobalastırılg`an ha`mde haqıqıy investitsiyalardın` o`z - ara ten`ligine erisiledi. Yag`nıy, makroekonomikalıq tensalmaqlılıq ta`miyinlenedi.

Egerde, islep shıg`arıwdın` haqıqıy ko`lemi ($Y_1$) onın` ten`salmaqlılıq da`rejesinen ($Y_0$) ko`p bolsa, tutınıwshılar o`nimlerdi islep shıg`arıwshılar usınıs qılg`ang`a salıstırg`anda kem satıp aladı (**AD<AS**). Catılmag`an o`nimler tovar - materiallıq zapaslar (TMZ) ko`rinisine iye boladı. Zapas-lardın` o`siwi firmalarda islep shıg`arıw ha`mde ba`ntlik da`rejelerin pa`seyttiriwine alıp keledi. Bul bolsa ulıwma milliy o`nim (UMO`) ko`lemin kemeyttiredi. A`ste aqırın $U_1$ den $U_0$ ge shekem kemeyedi, yag`nıy da`ramat ha`m ejobalastırılg`an qa`rejetler ten`lesedi. O`z nawbetinde ulıw-ma talap ha`m usınıstın` ten`lesiwine (**AD=AS**) erisiledi. Kerisinshe, haqıqıy islep shıg`arıw ($Y_2$) onın` ten`salmaqlılıq da`rejesinen ($Y_0$) kem bolg`an wazıyatta bolsa, firmalar tutınıwshılar talabına salıstırg`anda kem islep shıg`arılıp atırg`anın (**AD>AS**) ko`remiz. Talaptın` asıwı bolsa firmalar zapasının` kemeyiwi esabına qandırıladı. Na`tiyjede, ulıwma milliy o`nim (UMO`) aste aqırın $Y_2$ den $Y_1$ ge qarap o`sedi ha`m ja`ne **D=AS** ten`ligine erisiledi. Bul bolsa ayne usı payıtta **E=Y** ha`m **I=S** jag`daylarg`a erisilgenligin an`latadı.

Milliy islep shıg`arıwının` ten`salmaqlılıq jag`dayı (Y0), ulıwma qa`rejetler quramınnın` ha`r qanday o`zgeriwi na`tiyjesinde (tutınıw, investitsiya, da`mleke qa`rejetleri yaki sap eksport) terbeliwi mu`mkin. Usı quramdag`ı birer faktordın` o`siwi jobalastırılg`an qarejetler iymek sızıg`ın joqarıg`a su`redi ha`m kerisinshe.




17-sızılma. Keyns qa`lewi (Keynstin` makroekonomikalıq ten`salmaqlılıq modeli)

## 2.5. Avtonom qa`rejetler mul`tiplikatorı

Avtonom qa`rejetler quramındag`ı ha`r qa`nday ulıwma o`siw da`ramatlardın` ($\Delta Y$) mul`tiplikator na`tiyjesi esabına ko`birek o`siwine alıp keledi.

$$\Delta A = \Delta( a + I + G + Xn )$$

Avtonom qa`rejetler mul`tiplikatorı ten`salmaqlılı ulıwma milliy o`nim (UMO`) o`zgeriwinin` avtonom qa`rejetlerinin` ha`r qanday komponenti o`zgeriwine salıstırmalılıg`ın ko`rsetedi:

$$\mathbf{m = \Delta Y / \Delta A}$$

Bul jerde:

m - avtonom qa`rejetler mul`tiplikatorı;

$\Delta Y$ – ulıwma milliy o`nimnin` **m** ten`salmaqlılıg`ındag`ı o`zgeriw;

$\Delta A$ – «Y» o`zgeriwine baylanıslı bolmag`an halda avtonom qa`rejetler o`zgeriwi.

**Mul`tiplikator** - ulıwma da`ramatlar avtonom qa`rejetlerdin` da`slepki o`siwinen (kemeyiwinen) neshe ma`rte artıq o`skenligin (kemeygenligin) ko`rsetedi. Erkin qa`rejetler quramındag`ı komponentlerden birewinin` bir ma`rte o`zgeriwi, ulıwma milliy o`nimnin` bir neshe ma`rte o`zgeriwine alıp keledi.

**Ma`selen**, avtonom tutınıw $\Delta S_A$ mug`darg`a o`sse, bul ulıwma qa`rejetler ha`m da`ramatlardın` (Y) usı mug`darda o`siwine alıp keledi. Bul bolsa, o`z na`wbetinde tutınıwdın` ekinshi ma`rte (da`ramatlar asıwı esabına) **MRS * $\Delta S_A$** mug`darda o`siwine alıp keledi. Keyinshelik ulıwma qa`rejetler ha`m da`ramatlar **MRS * $\Delta S_A$** mug`darg`a ja`ne o`sedi. Sonday qılıp, «da`ramat - qa`rejet» ko`rinisindegi da`wirlik aylanıw boyınsha protsess dawam eteberedi.

**$\Delta$SA$\Delta$k > AD$\Delta$k > Y$\Delta$k > C$\Delta$k > AD$\Delta$k > Y$\Delta$k > C$\Delta$k > AD$\Delta$k > Y$\Delta$** h.t. b.

Usı a`piwayı wazıyattan ko`rinip turıptı, ulıwma da`ramatlar (Y), avtonom tutınıwının` da`slepki o`zgeriwine (**$\Delta$SA$\Delta$k** g`a) salıstırmalı bir neshe ma`rte ko`p o`zgeredi ha`m bul avtonom qa`rejetler mul`tiplikatorı mug`darında ko`rinedi. Bul sonı bildiredi, **S, I, G** yaki **Xp** mug`darlardag`ı a`piwayı o`zgeriwler ha`m islep shıg`arıw ko`lemi ha`m ba`ntlik da`rejelerindea ulken o`zgeriwlerge alıp keliwi mu`mkin. Sonday qılıp, mul`tiplikator ekonomikalıq ten`salmaqlılıq faktorı

esaplanadı. Sonın` uchshın ha`m ma`mlekettin` byudjet - salıq siyasatındag`ı tiykarg`ı wazıypalardan biri bolıp ornatılg`an ten`salmaqlastırıwlar sistemasın jaratıw esaplanadı. Bul sistema tutınıwg`a shegeralang`an qolaylıqtı kemeytiriw arqalı multiplikatsiya na`tiyjesin pa`seyttiredi.

Mul`tiplikator na`tiyjesi mazmunın to`mendegi mısalda ko`rip shıg`amız. Aytayıq, da`stlep ekonomikag`a investitsiyalar mug`darı 5 milliard sumg`a ko`beysin. Bul, o`z na`wbetinde is haqı, renta, payda ko`rinisinde u`y xojalıqları da`ramatına aynaladı. Eger tutınıwg`a shegeralang`an qolaylılıqtı 0,75 ke yaki 75 protsentke ten` dep alsaq, u`y xojalıqları bul da`ramattın` 75 protsentin, yag`nıy 3,75 milliard sumdı tutınıw qa`rejetlerine sarıplaydı, qalg`an 1,25 milliard sumdı toplaydı. Sarıplang`an 3,75 milliard sum basqalar ushın da`ramat esaplanadı. O`z na`wbetinde olar ha`m 3,75 milliard sumnın` 75 protsentin tutınıw ushın sarıplaydı ha`m 25 protsentin toplaydı. Bul protsess aqırg`ı sum toplanılmag`anınsha dawam etedi.

Bunda:

$$\mathbf{m = \frac{\Delta Y}{\Delta A} = \frac{20}{5} = 4} \quad \text{ha`m} \quad \mathbf{m = \frac{1}{1- MPC} = \frac{1}{1- 0,75} = 4}$$

ha`m bunnan:

$$\mathbf{m = \frac{\Delta Y}{\Delta A} = \frac{1}{1- MPC}}$$

Demek tutınıwg`a shegeralıq qolaylılıq kansha ulken bolsa multiplikator na`tiyjesi de sonsha joqarı boladı.

## Bap-3. Makroekonomika mashqalaları. Ekonomikalıq o`siw temaların oqıtıw metodikası

### 3.1. Ekonomikalıq da`wirler ha`m ekonomikalıq terbeliwlerdin` sebepleri

Ma`mleketlerdin` ekonomikalıq rawajlanıw tariyxın u`yreniw, olardan hesh biri uzak mu`ddette bir tegis rawajlanbag`anlıg`ı, kerisinshe, barlıq ma`leketler ushın da`wirlik rawajlanıw sa`ykes ekenligin ko`rsetedi. İslep shıg`arıw, ba`ntlilik ha`m inflyatsiya da`rejesinin` da`wirlik terbeliwine ekonomikalıq da`wirler (tsikller) delinedi. Ayırım ekonomikalıq da`wirler basqalarınan o`tiw da`wirinin` dawamlılıg`ı ha`m aktivligi menen parıq qıladı. Sog`an qa`rmastan olardın` barlıg`ı bir qıylı basqıshlardan sho`lkemlestiriledi.

Ekonomikalıq da`wirler to`rt basqıshtı o`z ishine aladı.

**Birinshi basqısh** ekonomikalıq rawajlanıwdın` en` joqarı da`rejesine erisilgen basqısh bolıp, ol «**shoqqı**» dep ju`ritiledi. Bul ekonomikada jumıs penen tolıq ba`ntlilik, islep shıg`arıw tolıq quwatta islep atırg`anlıg`ı, sonday-aq, o`nimlerdin` baha da`rejesinin` o`siw jag`dayı ku`zetiledi.

**Keyingi basqısh** islep shıg`arıw ko`leminin` pa`seyiwin xarakterlewshi basqısh bolıp tabıladı. Bunda ba`ntlilik da`rejesi kemeyedi, biraq bahanın` o`siw da`rejesi pa`seymeydi. İslep shıg`arıwdag`ı kemeyiw basqısh aktiv ha`m uzaq dawam etkenine bahanın` o`siw da`rejesi pa`seyiwi mu`mkin. Pa`seyiwdin` to`mengi tochkasında islep shıg`arıw ha`m bantlilik en` to`men da`rejege tu`sedi.

**Janlanıw basqıshında** islep shıg`arıw ha`m ba`ntlik da`rejesi a`ste - a`ste ko`terilip, islep shıg`arıw quwatlarınan tolıq paydalanıw ha`m tolıq ba`ntlilik da`rejesine erisiledi.

To`mendegi ko`rsetilgende, ekonomikalıq da`wirler bir qıylı basqıshlarg`a iye bolısadı, biraq olar dawamlılıg`ı ha`m aktivliligine ko`re o`z - ara parıq qılıp turadı. Sonın` ushın ha`m ekonomistler, bul protsesslerdi ekonomikalıq da`wirler dep emes, ba`lki ekonomikalıq terbelisler dep ataw twrı boladı dep esaplalasadı. Ekonomikalıq terbeliwlerdin` tiykarg`ı sebebi sıpatında ekonomistler u`sh faktordı ko`rsetedi.




3-sızılma. Ekonomikanın` da`wirlik rawajlanıwı

**Birinshi guruppa ilimpazlar** ekonomikalıq terbeliwlerdin` tiykarg`ı sebebi texnika ha`m texnologiyalarda ju`z beretug`ın o`zgeriwler dep esaplaydı. Olardin` pikirinshe, islep shıg`arıwda ilim - texnika jetiskenliklerin qollanıw tu`rli jıllar dawamında ekonomikag`a terbeliwlerge sebep boladı.

**İlimpazlardın` ja`ne bir guruppası** ekonomikalıq basqıshlardı siyasiy ha`m ku`tilmegen wazıyatlarg`a baylanıstıradı. Bul pootsessti **Monitar** siyasatına baylanıstıratug`ın ilimpazlar da bar. Yag`nıy, ma`mleket qanshelli ko`p pul basıp shıg`arsa, onın` qadri sonshelli keieyip baradı, ha`m kerisinshe, pul mug`darı qanshelli kem bolsa, islep shıg`arıw ko`leminin` pa`seyiwi ha`m jumıssızlar sanının` artıwı sonshelli tezlesedi. Sonlıqtan, ekonomikalıq basqıshlardı bahalaw-g`a tu`rli ko`rinste jaqınlasıwlar bar. Biraq barlıq ekonomistler, islep shıg`arıw ha`m ba`ntlilik da`rejelerin ulıwmalıq talap ha`m basqasha aytqanda ulıwmalıq qa`rejetler mug`darına baylanıslılıq, degen pikirdi qollap - quwatlaydı. Sebebi, ka`rxana-lar o`z tovar ha`m xızmetlerin olarg`a talap bolsa g`ana islep shıg`aradı. Basqasha aytqanda, talap ulken bolmasa, ka`rxanalar da tovar ha`m xızmetlerdi ulken mug`darda islep shıg`arıw paydalı emes. O`z na`wbetinde, islep shıg`arıwda ba`ntlilik ha`m da`ramatlar da`rejesi ha`m, tap sol sebepli pa`s boladı. Ulıwma qa`rejetler mug`darı qanshelli ko`p bolsa, islep shıg`arıwdın` o`siwi sonshelli ulken

payda alıp keledi. Sonın` ushın islep shıg`arıw, ba`ntlilik ha`m da`ramatlar da`rejesi artıp baradı.

### 3.2. İnflyatsiyanın` ma`nisi, tu`rleri ha`m esaplanıw usılları

**İnflyatsiya -** bul ulıwma tovar ha`m xızmetler bahasının` ko`beyiwi ha`m onın` menen baylanıslı pul birligi satıp alıw quwatının` tu`sip ketiwi. İnflyatsiya makroekonomikalıq ten`salmaqlılıqtı sa`wlelendiredi.

Barlıq ma`mleketler ushın inflyatsiyanı jılawlaw (toqtatıwg`a ha`reket) iri ekonomikalıq mashqala esaplanadı. A`sirese bir ekonomikalıq sistemadan ekinshi bir ekonomikalıq sistemag`a o`tip atırg`an ma`mleketlerde inflyatsiyanın` ekonomikag`a ta`siri aytarlıqtay qa`wipli. Sebebi, bul da`wir bahalardın` erkinle-siwi ha`m sog`an muwapıq olardın` ulıwma da`rejesi keskin asıp ketiwi menen baylanıslı. Sonı ha`m aytıp o`tiw lazım, inflyatsiya da`wirinde barlıq tovarlardın` bahaları ha`m o`sebermeydi: ayırımlarıniki turaqlı bolıp tursa, bazılarınıki bolsa tu`siwi mu`mkin.

İnflyatsiya ekonomikalıq rawajlanıwının` haqıqıy jag`dayı buzıp ko`rsetip, baskarıw protsessin haqıyqattan da qıyınlastıradı. İnflyatsiya baha indeksleri - deflyator ha`m tutınıw, bahalar indeksi ja`rdeminde anıqlanadı. Jıllıq inflyatsiya da`rejesi bolsa ku`ndelikli baha indeksin bazis jılg`ı baha indeksine salıstırg`anı menen anıqlanadı:

$$\mathbf{I_{jıl} = ( ( I - Io ) / \; Io ) * 100 \%}$$

Bunda:

**$I_{jıl}$ –** jıllıq inflyatsiya tezligi;

**I** – ha`rekettegi jıldın` bahalar;

**Io** - o`tken jıldın` bahalar indeksi.

**Mısal ushın**, 1996-jılg`a salıstırg`anda 1997-jılı tovarlar bahası 150 protsent-ke, 1998-jılı bolsa 180 protsentke ten` boldı, deyik. 1998-jılının` inflyatsiya tezligi to`mendegishe bolg`an:

$$\mathbf{I_{jıl} = ( ( 180 - 150 ) / 150 ) * 100\% = 20{,}0\%}$$

İnflyatsiyanı mug`darlıq o`lshew ushın makroekonomikada «7**0 mug`dar qag`ıydası**» dep atalg`an usıldan da paydalanıladı. Bul usıl bahalardın` turaqlı

tezligi sharayatında inflyatsiya da`rejesi neshe jılda eki barabarg`a tezligin anıqlaw imkanın beredi. Bunın` ushın 70 ti jıllıq inflyatsiya da`rejesine bo`liw jetkilikli:

**Mısal ushın**, jıllıq inflyatsiya da`rejesi 9,5 protsentke ten` bolsa, shama menen jeti jıl 3,5 aydan keyin baha eki ma`rtege ko`beyedi, yag`nıy,

( 70 : 9,5 = 7,3).

Real ulıwma milliy o`nim (UMO`) ha`m toplawdın` neshe jıldan son` eki ma`rte asıwın esaplaw za`ru`r bolg`an jag`daylarda ha`m «7**0 mug`dar qag`ıyda-sınan**» paydalanıladı.

Ulıwma, ma`mleket ekonomikasında inflyatsiyanın` kelip shıg`ıw sebeplerin anıqlaw ha`m olardı analiz qılıw en` aktual mashqalalardan biri esaplanadı. İnflyatsiyanın` eki tu`rli ko`rinisi bar:

-. talap inflyatsiyası;

- ulıwma usınıstın` kemeyiwinen kelip shıg`atug`ın inflyatsiya, yag`nıy, usınıs inflyatsiyası.

**Talap inflyatsiyası –** bul ekonomikada talap keskin o`sip ketiwi ha`m onı islep shıg`arıwdın` real ko`lemi menen qandırıw mu`mkin bolmay qalg`an sharayatlarda kelip shıg`adı. Yag`nıy, ekonomikanın` islep shıg`arıw imka-niyatları ulıwma o`sip baratırg`an talaptı qandıra almaydı. Artıqsha talap bolsa real tovarlar bahasının` ko`beyiwine ekonomikalıq basım beredi ha`m talap inflyatsiyası kelip shıg`adı. Yamasa, a`piwaiı so`zler menen aytqanda, «**ha`tten zıyat pullar ha`tten kem tovarlardı awlaydı**». Talap inflyatsiyasın keltirip shıg`arıwshı tiykarg`ı sebepler xalıqının` jumıs penen ba`ntligi ha`m is haqının` asıp barıwı esaplanadı. Demek, inflyatsiya talap, usınıs, jumıs penen ba`ntlilik, baha, islep shıg`arıw tezlikleri sıyaqlı ko`p g`ana faktorlarg`a baylanıslı.

Ekonomika pa`seyiwi jag`dayında bolg`anda ma`mlekette ulıwma talap assa, islep shıg`arıw da ko`beyedi, jumıssızlıq kemeyedi, baha da`rejesi bolsa derlik o`zgermeydi yaki kem mug`darda o`zgeredi. Baha o`zgermesliginin` sebebi sonda ulken ko`lemdegi bos turg`an miynet ha`m shiyki zat resurların usı o`zgermes bahada iske tu`siriw mumkin boladı. Sebebi, jumıssız ju`rgen adam is haqını

asırıwdı talap qılmaydı, onın` ushın jumısqa jala-nıwdın` o`zi jetedi ha`mde qosımsha stanok satıp alıwg`a qa`jet joq.

Bunnan tısqarı, baha jumıs ku`shin tolıq is penen ba`ntliligine erisiwden aldın ha`m ashıwı mu`mkin. Yag`nıy, bazı bir sanaat ka`rxanaları aldınraq bos turg`an resurs ha`m zapasların islep shıg`arıwg`a tolıq qolla-nıladı, na`tiyjede olar talaptın` o`siwine sa`ykes islep shıg`arıwg`a, usı-nısqa erise almaydı. Talap, usınıstan ko`beyip ketedi, na`tiyjede baha ja`ne o`se baslaydı.

**Usınıs inflyatsiyası -** bul ma`mleket ekonomikasında tovar ha`m xızmetlar usınısının` kemeyiwi na`tiyjesinde tovar ha`m xızmetlar bahalarının` o`siwinen payda boladı. Bunday jag`daylarda artıksha talap bolmasa da tovarlardın` bahaları o`sip baradı. Ha`tteki is penen ba`ntlilik ha`m ulıwma milliy o`nim (UMO`) islep shıg`arıw kemeygen jılları tovarlardın`g bahası asadı. Ulıwma usınıs qısqarıwının` tiykarg`ı sebebi o`nim bir-ligine sarıplang`an qarejetlerdin` o`siwi esaplanadı. Bunda nominal is haqı, shiyki zat ha`m janılg`ı bahalarının` o`siwi na`tiyjesinde islep shı-g`arıwdın` o`zine tu`ser bahası da asadı.

Usınıs inflyatsiyasının` kelip shıg`ıwna, sonday-aq, usınıs mexanizminin` buzılıwı ha`m ta`sir qıladı. Usınıs mexanizmi bolsa ku`tilmegen halda tiykarg`ı islep shıg`arıw faktorları bahasının` keskin ko`beyiwinen kelip shıg`adı. Ekono-mist ilimpazlardın` pikirine ko`re, usınıs inflyatsiyası o`zin - o`zi shekleydi. İslep shıg`arıwdın` pa`seyiwi qa`rejetlerdin` qosımsha o`siwin shekleydi, sebebi jumıssızlıqtın` o`siwi nominal is hakının` a`ste - a`sten pa`seyiwine alıp keledi. Talap inflyatsiyasın sheklew ushın bolsa arnawlı is - ila`jlar ko`riw za`ru`r boladı. İnflyatsiya da`rejesi joqarı bolg`an ma`mleketlerde islep shıg`arıwdın` haqıqıy ko`lemi qısqa-rıwı menen bir waqıtta nominal ko`leminin` artıp barıwı sıyaqlı wazıyat payda boladı. Da`ramatlardı islep shıg`arıw ta`repinen ta`miyinlenbegen o`siwi xalıqtın` qolındag`ı puldın` usınıs qılınıp atırg`an tovar ha`m xızmetlerden artıqshalıg`ına alıp keledi. Bunday jag`day pul birliginin` satıp alıw quwatın pa`seyittiredi, bir mug`dardag`ı pulg`a ha`rzirgi jılda o`tken jıldag`ıg`a salıstır-g`anda halıq kemirek o`nim satıp aladı, yag`nıy, onın` real da`ramatı kemeyedi. **Mısal ushın**, usı jılla xalqıqtın` nominal da`ramatları 30 protsentke ko`beygen,

bahalar da`rejesi 50 protsentke asqan bolsa, onda xalıqtın` real da`ramatları 20 protsentke kemeygen boladı. Sebebi, bahalardın` o`siwi xalıq pul da`ramatlarının` o`siwinen joqarı bolg`an **(30% - 50% = - 20 %).**

İnflyatsiyanı real da`ramatlar da`rejesine ta`siri ol ku`tilip atırg`an yaki ku`tilip atırılmag`anına da baylanıslı. Ku`tilipatırg`an inflyatsiya sharayatında da`ramat alıwshı inflyatsiyanın` ol alıpatırg`an da`ramatqa ta`sirin kemeyittiriw shegerasın quraydı.

Ku`tilipatırg`an inflyatsiya da`ramatlardı debitorlar ha`m kreditorlar ortasında kreditorlar paydasına qayta bo`listiredi. Sonın`day ku`tilmegen inflyatsiya da`ra-matlardı paydalanılg`an da`ramat alıwshılar ha`m paydalanılmag`an da`ramat alıwshılar ortasında keyingileri paydasıga qayta bo`listiriledi. Talap ha`m usınıs inflyatsiyasın katan` shegeralaw qıyın. Arasında bul eki tu`rdegi inflyatsiya bir - biri menen qosılıp ketedi. **Ma`selen**, talap inflyatsiyası sharayatında jallanba jumısshılar ku`tilip atırg`an inflyatsiya da`rejesin itibarg`a alıp jumıs tu`rleri asırılıwın miynet sha`rnamalarına kiritedi. Bul bolsa, o`nimnin` o`zine tu`ser bahasın asırıp usınıs inflyatsiyasın keltirip shıg`aradı. Tovarlar usınısının` kemeyiwin ku`zetip atırg`an ekonomikalıq agentlar pul qarjıların tovarlarg`a aylandırıwg`a asıg`adı. Bul jag`day talap inflyatsiyası ko`riniwin keltirip shıg`a-radı. Bunday izbe - izlik aqır - aqıbet giperinflyatsiyanı keltirip shıg`arıwı mu`mkin. Giperinflyatsiya basqarıp bolmaytug`ın inflyatsiya protsessi bolıp, islep shıg`arıw ha`m ba`ntlilik da`rejelerine irkinishli ta`sir ko`rsetedi. Giperinflyatsiya sharayatında pul o`zinin` qun o`lshemi ha`m almastırıw quralı sın`arlı funktsiya-ların orınlayalmay qaladı. Normal ekonomikalıq qatnasıqlar buzıladı. Qarjılar islep shıg`arıwg`a emes, ba`lki tovar - materiallıq baylıqları toplawına jo`neltiriledi.

## 3.3. İnflyatsiya ha`m jumıssızlıq ortasındag`ı baylanıslıq

### Fillips iymek sızıg`ı

Ekonomika o`z rawajlanıwında potentsial da`rejege jaqınlasqan sharayatta yaki ba`ntlilik da`rejesin asırıw inflyatsiya da`rejesin pa`seytiriw sıyaqlı al`ternativ variantlarırnan birin tan`lawg`a ma`jbur bolınadı. Sebebi qısqa mu`ddetli da`wirde jumıssızlıq ha`m inflyatsiya da`rejeleri ortasında keri baylanıslılıq bar. Jumıssız-lıqtı pa`seyttiriw jumıs orınların jaratıw ushın qosımsha qa`rejetler ajıratılıwın an`latadı. Usı payıtta bul is haqı mug`darının` asıwına da alıp keledi. Ha`r eki jag`day da bahalar da`rejesininin` ko`teriliwine alıp keledi.

Jumıssızlıq ha`m nflyatsiya ko`rsetkishleri ortasınag`ı o`z - ara baylanıslılıq birinshi ma`rtebe angilichan ekonomisti A.V.Fillips ta`repinen anıqlang`an ha`m **Fillips iymek sızıg`ı** (7-sızılmada) dep ataladı.

Fillips iymek sızıg`ı jumıssızlıq inflyatsiya da`rejeleri ortasındag`ı keri baylanıslılıqtı  xarakterlaydi. Ma`mleket Fillips iymek sızıg`ına tiykarlanıp qısqa da`wir ushın jumıssızlıq ha`m inflyatsiya da`rejelerinin` qalegen kombinatsiyasın tan`law mu`mkin. Ma`mleket ekonomikasının` belgisine ko`re, sonday - aq, inflyatsiyanın` qaysı tu`ri barlıg`ına qarap Fillips iymek sızıg`ındag`ı inflyatsiya ha`m jumıssızlıq da`rejetlerinin` kombinatsiyası parıq qılınıwı  mu`mkin.



7-Sızılma. Fillips iymek sızıg`ı

### 3.4. Makroekonomikalıq turaqlılıq ha`m og`an erisiw jolları

Bazar ekonomikası sharayatında makroekonomikalıq turaqlıqqa erisiwdin` roli ha`m a`himiyeti beybaha ulken. Makroekonomikalıq turaqlılıq ma`mleket ekonomikasının` turı yamasa naturı joldan baratırg`anlıg`ın ko`rsetiwshi indikatorlardan biri bolıp esaplanadı. Sebebi, ekonomikada bolıp atırg`an barqullalıq o`zgerisler ha`r kanday ma`mleketti ha`m ekonomikalıq turaqlılıqtan shıg`arıp jiberiwi mu`mkin. Yag`nıy, ha`reket etip atırg`an birer protsess qarama - qarsılıqlı, ten`salmaqlı bolsa, onı bir qa`lipte xızmet ko`rsetip atırg`an organizm dep tu`sininemiz ha`m kerisinshe, ondag`ı ha`r kanday jıljıw onın` ten`salmaqlılıg`ının` buzılıwı dep qaraladı.

Eonomikalıq sistemalardag`ı bunday turaqlılıq tovarlar ha`m xızmetlar qıtshılıg`ı yamasa artıqsha islep shıg`arılg`anlıg`ı, inflyatsiya, jumıssızlıq ha`m sog`an uqsas basqa unamsız ha`diyseler sıpatında ko`rsetiledi. Olar ekonomikalıq na`tiyjeliliktin` pa`seyiwine ha`m xalıq turmısının` tu`sip ketiwinen alıp keledi. Sol sebepli ha`m ekonomikalıq turaqlılıq mashqalaların sheshiw en` ahmiyetli wazıypalardan biri esaplanadı.

Ekonomikalıq turaqlılıq milliy ekonomikanı sha`rtli ra`wishte barlıq tutınıwshı ha`m islep shıg`arıwshı birliklerinin` o`z - ara baylanıslıg`ı sıpatında ko`z aldımızg`a keltirsek, onda ten`salmaqlılıq sonday jag`day boladı, qay waqıtta bolsa da, olar ortasına qarama - qarsılıqlar bolmaydı ha`m resurslar, tovarlar ha`m da`ramatlardın` da`wirlik aylanıwı u`zliksiz ra`wishte a`melge asıwın ta`miyinleydi. Jahan a`meliyatı ekonomikalıq turaqlılıqqa erisiwdin` eki tiykarg`ı usılın islep shıqqan:

1. Bahalar, talap ha`m usınıslardı ta`rtipke salıp turıwshı bir - birine baylanıslı bolg`an bazarlar ja`rdeminde (tovar ha`m xızmetler, kapital, jumıs ku`shi bazarları) ten`salmaqlasadı.

2. Materiallıq, miynet ha`m finanslıq balanslardı du`ziw jolı menen kele-shekte talap ha`m usınıstın` ko`lemlerin, sonday-aq, bahalardın` o`zin de orna-tıwshı ma`mleket jobalar ja`rdeminde ten`salmaqlasadı.

Aralas ekonomika ma`mleketlerinde makroekonomikalıq ten`salmaqlılıqqa erisiwde negizinen bazar usıllarına tiykarlanadı. Sonın` menen birge ma`mlekette sezilerli da`rejede rol oynaydı. Ol normativlik - huqıqıy ha`m ekonomikalıq aralasıw shegerelarınnan paydalanıp, ulıwma talap ha`m usınıstın` o`zgeriwine ha`m sol arqalı makroekonomikalıq ten`salmaqlılıkqa da tikkeley yamasa janapay ta`sir etedi. Bunı da`slep bir ma`mlekette ekonomikalıq turaqlılıqqa erispesten turıp a`melge asırıp bolmaydı. Sonın` ushın barlıq rawajlang`an ma`mleketlerde ekonomikalıq turaqlılıqqa erisiwge ulken a`hmiyet beriledi. Sebebi, ekonomikalıq turaqlastırıw reformaların a`melge asırıp atırg`an barlıq ma`mleketlerde en` aktual ha`m qıyın sheshileug`ın wazıypa bolıp esaplanadı.

Teoriya ha`m jahan a`meliyatında turaqlastırıw siyasatın a`melge asırıwdın` eki negizgi jaqınlasıwı islep shıg`ılg`an: **monetar** ha`m **quramlılıq.**

**Monetar jaqınlasıw ta`repdarları** ekonomikada tovar - pul ten`salmaq-lıg`ının` buzılıwnın` tiykarg`ı sebebi bolg`an inflyatsiyanı tiykarg`ı Mashqa-lada pul massasının` artıqshalıg`ınnan kelip shıqqan dep esaplasadı. Sonın` ushın olar ta`repinen usınıs qılınıp atırg`an is - ila`jlar pul usınısın sheklewge qaratılg`an. Na`tiyjede, ma`mleket qa`rejetler, bir-inshi na`wbette, sotsiallıq da`stu`rlerdi keskin qısqarttırıw, pul emissiyasına ha`m ma`mleket zayomlarına qatan` shegera ornatıw, is haqı o`siwin sheeklew, isbilermenlik xızmetine ja`nede ken`irek jol ashıp beriw.

**Monetaristlerden parıqlı ra`wishte quramalılıq turaqlastırıw ta`repdar-ları** inflyatsiyanı barlıq inflyatsiyalıq jag`daylardın` sebepshisi dep esaplamaydı. Sonın` ushın olardın` usınısları islep shıg`arıwdı rawajlandırıwdı xoshametlendiriw

ja`rdeminde bahalar o`siwinin` aldın alıwg`a qaratılg`an. Bunda olar ma`mleket ta`repinen ta`rtipke salıw usıllarına ayırıqsha a`hmiyet beredi.

### 3.6. O`ndiris ha`m onın` faktorları temasın oqıtıw metodikası

Bul tema orta mekteplerdin` 8-klassında 1-saat ko`leminde o`tiledi.

**I. Sabaktın` maqseti.** Oqıwshılarg`a o`ndiris ha`m og`an ta`sir etiwshi faktorlar haqqında ken` tu`sinikler beriw.

**II.Tayanısh atamalar:**

**O`ndiris** – insan talapların qanaatlandırıw maqsetinde ekonomikalıq baylıqlardı jaratıw protsessi.

**İslep shıg`arıw** – ekonomikalıq o`nimlerdi islep shıg`arıwshı ka`rxanalar.

**Tutınıwshılar** – ekonomikalıq o`nimlerdi tutınıwshılar.

**Ta`biyiy resurslar** – tovar ha`m xızmetler o`ndiriste tikkeley isletiletug`ın ta`biyattın` barlıq baylıqları.

**Kapital resurslar** – insan ta`repinen jaratılg`an ha`m basqa o`nim tu`rlerin jaratıwg`a qatnasatug`ın resurslar.

**Miynet resursları** – miynet etiwge uqıplı adamlar, olardın` bilim, is - ta`jriybesi ha`m miynet sheberligi.

**İsbilermenlik** – adamlardın` ekonomikalıq qararlar qabıl etiw menen baylanıslı bolg`an tovarlar ha`m xızmetlerdi islep shıg`ıw iskerligi.

**III. Bul haqqında oylap ko`rin`!**

1.Tigiwshilik fabrikası mısalında o`ndiris dizimin du`zin`.

2. Temeki islep shıg`arıw protsessinde qollanılatug`ın ha`r bir resurs tu`rlerin sanan`.

3. Respublikamızda temeki islep shıg`arıwdı toqtatıw haqqındag`ı qarar qanday aqıbetlerge alıp keliwi mu`mkin?




**IV. Ekonomikalıqhuqıq tiykarları**

**Jer u`sti ha`m jer astı baylıqları, suw, o`simlik ha`m haywanat du`n`yası ha`m basqa ta`biyiy qorlar ulıwma milliy baylıqlar esapalanadı, olardan aqılg`a muwapıq paydalanıw za`ru`r ha`m olar ma`mleket qorg`awında boladı**

**O`zbekstan Respublikası**

**Konstituttsiyasının` 55-stat`yası.**

**V. Tasırma.**

A`piwayı qa`lem islep shıg`arıw menen baylanıslı bolg`an protsess dizimin logikalıq izbe - izlikti ila`jı barınsha tolıg`ıraq du`zin`. Bul protsesste qatnasıp atırg`an barlıq ta`biyiy, kapital, miynet resurslarının` dizimin jasan`. Bull protsesste isbilermenlik faktorı qaysı ko`riniste ha`m qaysı baylanıslarda payda bolıwı mu`mkinligin anıqlan`.

**VI. Qısqasha lektsiya teksti.**

**6.1. O`ndiris**

İnsanlardın` o`z talapların qanaatlandırıw maqsetinde ekonomikalıq baylıqlar – jaratıw protsessi **o`ndiris** dep ju`rgiziledi. Ekonomikalıq baylıqlardı islep shıg`arıwshı ka`rxanaların – **islep shıg`arıwshılar**, olardı paydalanıwshılar bolsa – **tutınıwshılar** dep ataladı.

İslep shıg`arıwshılar a`dette, materiallıq ha`m materiallıq emes islep shıg`arıw tarawlarına bo`linedi. Materiallıq tarawda materiallıq ko`rinistegi o`nimler islep shıg`arıladı. Materiallıq islep shıg`arıw tarawına mısal etip, sanaattag`ı zavod ha`m fabrikalardı, awıl xojalıg`ı fermer xa`m diyxan xojalıqları sıyaqlı ko`p tu`rli ka`rxanalardı keltiriwge boladı.

İslep shıg`arıwdın` materiallıq emes tarawına bolsa tiykarınan ha`r qıylı ko`rinistegi xızmetler ko`rsetiledi. Olardın` qatarına bilimleniriw, den - sawlıqtı saqlaw, jol qa`wipsizligi, qog`anıw, turmıslıq ha`m komunallıq xızmet, ma`deniyat sıyaqlı tarawlar kiredi.

Xızmetlerdin` materiallıq ko`rinistegi o`nimlerden o`zgesheligi olardı materiallıq na`rselerdi toplaw sıyaqlı skladlarda toplap bolmaydı. Xızmetler o`ndiris protsessinin` o`zinde-aq tutıladı, yag`nıy olardan paydalanıladı.

6**.2. O`ndiris faktorları**

Qanday da bir o`nimdi shıg`arıw ushın resurslar kerek boladı. O`ndiriske en`gizilgen resurslarg`a tek g`ana qor, derek sıpatında g`ana emes, al onı ha`reketke keltiriwshi og`an ta`sir ko`rsetiwshi faktor sıpatında da qarasadı. Sol sebepli o`ndiriske paydalang`an resurslardı basqasha **- o`ndiris faktorları** dep ataydı.

Resurslar a`dette ta`biyiy resurslar, kapital resurslar ha`m miynet resurslarına bo`linedi. Ta`biyiy resurslarg`a hawa, jer astı a`m jer u`sti baylıqları, o`simlikler ha`m haywanatlar du`n`yası, qullası adamlar za`ru`rligi ushın kerekli bolg`an ta`biyattın` barlıq baylıqları kiredi.

**Kapital resurslar** dep, insan ta`repinen jaratılg`an ha`m basqa o`nim tu`rlerin jaratıwda qatnasatug`ın resurslarg`a aytıladı. Ekonomistler olardı - **o`ndiris quralları** dep te ataydı. Olarg`a imarat ha`m qurılıs-lar, a`sbap – u`skene ha`m mashina mexanizmler, ha`r qıylı stanoklar ha`m u`skeneler, shiyki zatlar ha`m basqa da sap – sanaqsız tu`rdegi na`rseler kiredi.

**Miynet resursları** degende, miynetetiwge uqıplı adamlar, olardın` bilimi, is ta`jriybesi ha`m miynet sheberligi birgelikte tu`siniledi.

**VII. Bilimin`izdi sınap ko`rin`!**

1. Rayonın`ızdag`ı materiallıq emes o`ndiris ka`rxanaların sanap berin`.
2. Rayonın`ızdag`ı qaysı bir ka`rxana mısalında usı karxananın` resurs tu`rlerin paydalanıp atırg`anın aytıp berin`?
3. İsbilermenlik ha`m miynet faktorı arasında qanday o`zgeshelik bar?
4. Asaka qalasındag`ı «**WzDEWAVTO**» qospa ka`rxanasının` iske tu`siwi na`tiyjesinde o`tken jıllar dawamında respublikamızda qanday o`zgerisler kelip shıqtı? Bul respublika ko`leminde ekonomikalıq sheshimnin` qımbatı ha`m paydası nelerden ibarat?
5. Ne sebepten respublikamız ha`zirgi ku`nde jetilistirilgen paxtanın` ko`p bo`limin shet elge satıp atır. Paxtanı shiyki zat sıpatında satıw haqqındag`ı qa`rardı talqılan`.

## Qısqasha juwmaqlar

«Makrekonomika ha`m miqroekonomika» pa`ni ekonomikanı bir pu`tin halda u`yrenedi ha`m jumıssızlıq, inflyatsiya, ekonomikalıq o`siw, to`lew balansı barqararlıg`ı, ma`mleket byudjeti, ma`mleket qarızı sıyaqlı ha`zirgi zaman ekonomikasının` barlıq a`hmiyetli mashqalaların en` jaydıradı. Makroekonomistler tekg`ana usı jag`daylardı tu`sindiridi, ba`lki ekono-mikanı rawajlandırıw ushın ekonomikalıq siyasat ju`rgiziw jolların ha`m ko`rsetip bere alıwları za`ru`r.

Makroekonomikalıq mashqalalardı u`yreniw, sho`lkemlestiriw ha`m sheshiw jolların tabıw ushın mikroekonomikalıq ha`m ekonomika tarawına sa`ykes basqa pa`nlerdin` juwmaqlarına da tayanıladı.

Makroekonomikalıq en` jaydırıwlarda ilmiy en` jaydırıwlardın` ken` tarqal-g`an usıllarınan bolg`an dialektikalıq usıl, ilmiy abstraktsiya usılı, ekono-mikalıq matematika usılı, statistikalıq baqlaw usılı, analiz ha`m sintez usıllarınan ken` paydalanıladı.

Makroekonomikalıq analizde matematikalıq formula, grafik ha`m sızılmalar ko`rinisindegi makroekonomikalıq modellerden ken` paydalanıladı. Bul model-lerde o`zgeriwshi (ko`rsetkish) sıpatında agregat ko`rsetkishlerden paydalanıladı. Ekonomikadag`ı barlıq mashqalalardı u`yreniw imkaniyatın beretug`ın birg`ana model emes. Sonın` ushın da makroekonomikalıq en` jaydırıwlarda o`z - ara bir-birine uqsas ko`p g`ana modellerden paydalanıladı.

Resurslar, tovarlar ha`m da`ramatlardın` da`wirlik aylanıwı sxeması a`piway-ılastırılg`an makroekonomikalıq model bolıp ma`mleket ekonomikasında tu`rli agentlerdin` o`z-ara qatnasın ha`m makroekonomikalıq protsesslerdi sha`rtli ta`rizde ko`rsetedi.

Bu`gingi zaman ekonomikasında barlıq ma`mleketler ashıq ekonomikalıq sistemag`a iye, yag`nıy jahan ekonomikasına ol yaki bul da`rejede İntegra-tsiyalasqan. Biraq makroekonomikalıq analiz protsessinde, sha`rtli ta`rizde, ekonomika jabıq dep ko`z aldına keltirilip ondag`ı nızamlıqlar ornatıladı.

1. Ta`biyat insandı sonday jaratqan ol o`zinin` xızmetinde barqulla ma`lim tu`rdegi o`nimlerdi tutınıwı lazım, yag`nıy ol tu`rli ko`rinistegi tutınıw buyımlarına mu`ta`jligi boladı. İnsannın` a`ne sol mu`ta`jin qandırıw ushın bolsa ju`da` ko`p materiallıq resurslar talap etiledi. Lekin jer ju`zinde bul resurslardın` ulıwmalıq ko`lemi sheklengen. A`ne sonday sharayatta ekonomikanı rawajlandırıwdı sonday jolların tan`law lazım a`ne sol sheklengen resurslardan aqılg`a muwapıq paydalanıp maksi-mum da`rejede o`nim islep shıg`arıwg`a erisilsin. Ko`binese shet ma`mleketler ta`jriybesi ekonomikanı rawajlandırıwdı en` maqsetke muwapıq jolı «bazar ekonomikası» ekenligin ko`rsetpekte.

2. Bazar ekonomikasın ta`rtipke salıwda bazar mexanizminin` a`hmiyeti

ulken. Bazar sharayatında xızmet alıp baratug`ın barlıq sub`ektler birinshi nawbette o`z paydalılıqların go`zleydi ha`m sonın` menen birge olar pu`tin xalıq xojalıg`ı na`tiyjeliligin asırıwg`a alıp keledi.

3. Bazar ekonomikasın ha`m jetisken ha`m kemshilik ta`repleri de bar. Onın` jetisken ta`replerin islep shıg`arıw resurslarıni tuwrı bo`listiriliwin, qısqa mag`lıwmatlar tiykarında islep shıg`arıwdın` na`tiyjeli iske alıp barılıwın, talapqa ko`re islep shıg`arıwdı tez o`zgertiriw mu`mkin-ligi, tutınıwshı ha`m isbilermenler islep shıg`arıwda erkin ha`reket qılıwın, barlıq islep shıg`arıwshılar o`nim sıpatın asırıwg`a umtılıw-ın xam sol sıyaqlılardı bazar ekonomikasın keri ta`replerine qorshag`an ortalıqtı qorg`aw mexanizminin` joqlıg`ın, ilim - texnika jan`alıqların islep shıg`arıwg`a qolnanıwda onın` keri aqıbetleri esapqa alınbaslıqtı, miynet etiwge, da`ramat alıwg`a kepil emesligin, ten`sizlikti udayı islep shıg`arıwdı ha`m sol kibilerdi kiritsek boladı.

**Paydalanıwg`a usınıs etiletug`ın a`debiyatlar**


1. İ.A.Karimov. Uzbekiston iktisodiy isloxotlarni chukurlashtirish yulida. T.1995 y. 68-69, 111-112, 192- 197, 231-240 betlar.
2. İ.A.Karimov. Uzbekistonning uz istiklol va tarakkiet yuli. T.1992 y.41-65 betlar.
3. İ.A.Karimov. Uzbekiston XX a`sir busagasida. T. 1997 y. 111-123, 145-146, 205-207, 230-245 betlar.
4. Makkonell, S.Bryu Ekonomiks. Predmet i metod. T. 1992. Gl.2, Str.34-44.
5. N.Beknozov, Yu.K.Yuldoshev Bozor iktisodiyoti nazariyasi. T.1993. 1-mavzu.
6. Sh.Sh.Shodmonov İktisodiyot nazariyasi T. 2002 y. 2-bob, 34-52 betlar.
7. E.Sadirov, B.Xaydarov Ekonomikalıq bilim tiykarları. O`zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin` 8-9 klassları ushın sabaqlıq sıpatında usınıs etken. «O`zbekstan milliy ensiklopediyası» Ma`mleketlik ilimiy baspası. T. 2006.